ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЕЙ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№153 (22.311) • 2012 гъэм шыщхьэIум (августым) и 8, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

КЪБР-м и Iэтащхьэр Олимп зэхьэзэхуэм ехъулIэныгъэ къыщызыхьа ди бэнакIуэм йохъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен Олимп зэхьэзэхуэр щекIуэкI (Лондон къалэм щыIэщ нкIи ар ехъуэхъуащ Урысеим и командэ къыхэхам хэту жэз медалыр къэзыхьа ди бэнакIуэ Курамагомедов Заур. КЪБР-м щыщ щIалэр Азербайджаным щыщ бэнакIуэм зэрытекIуэу КЪБР-м и Iэтащхьэм хъуэхъу псалъэхэр титтерым иритхащ.

НЭХЪ ИУЖЬКIЭ, зэпеуэр кьыззэрыщIихьуам щытепсэтыхьыхьым, Кьанокъуэ Арсен кьыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым и спортсменхэм зэрыригушхуэр. «Республикэм исхэр кьанэ щIагъуэ щымыIэу иджыпсту телевизорым йопльу ди лIыкIуэхэм Лондон зэрызыкьыщагъэльагъэнуэм ириплЕтеIуэ. Ди дежкIэ хэхаэу гуапэщ республикэм и гъэсэнхэр къэралым и командэ кьыхэхаэм хэту дэтхэнэ зэхьэзэхуэми зэрыкIуэр. КIуэ кьудей ныхъуу, ехъулIэныгъэ пIащIэри кьаха. Заур дыкьигъэпэжащ. Абы зэфIэкI ин зэрыбгъэдэльыр нэрылъагъущ. Щэч кьытесхьэркъым кьыкIэлъыкIуэ мыпхуэдэ зэхьэзэхуэм абы дыщэр кьыззэрыщихьынум», - жиIащ Кьанокъуэ Арсен.

Республикэм и лIыкIуэхэр иджыри Олимпиадэм хэтынущ. БэнэкIэ хунтымкIэ дамыгъэ нэхъ пIаПIэ дыдэхэр кьыззэрахьынум щыщхьэIум и 11-м хущIэкъунщ Урыш Анзоррэ Махуэ Бинаирэ. Апхуэдэу кьэгъэлъэгъуапхъщ ди республикэм щыщ, Прохладнэ кьалэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт школым щыщызыгъасэу щыта Матиенко Аннэ волейболымкIэ къэралым и цIыхубз командэ кьыхэхам хэту зэрыджэгур.

ЩОКЪАРЭ Залинэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и унафэщI.

Къуэрыдж республикэм

ПщIэ льагэ къыхуащI

АДЫГЕЙ. *Республикэмрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ я зэпыщIлъыхъэм кIуэ пэмм лежуэ. Адыгеим и Iэтащхьэм къыхуащIа сурытитр я зэфэхьысыжьныгъэм и Гуэркьщ.*

АДЫГЕЙМ и Iэтащхьэ ТхьэкIущынэ Аслъэнджерий щIэныгъэм и зыужьныныгъэм щиIэ фIыщIэм икIи илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрыщIалъхьэм кьыхэкIыу «Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр кьыфIащащ.

Памир бгыльэхэм макIуэ

Адыгеим щэрыIуэ Багъэтыр Максимрэ Адыгей къэралыр университетым и 3-нэ курсым щедж студент Мэминовым Фархадрэ Таджикистаным и Памир щыгумкIэ зунэтI. Ахъэджэдутепльэ щIэ, уэсыльэр и хэщIапIэ щомыш хьэкIэхъуэкIэ тельыджэм и лъэужьхэмкIэ бгы- лъэхэм экспедиц макIуэ.

СПОРТСМЕНХЭМ кьалэн зыщащIыжащ Корженевск, Коммунизм щыгухэм нэсыну. А бгитIымрэ Хан Тенгри (метр 6995-рэ) льагапIэмрэ яхохьэ совет лъэхъэнэм «СССР-м и Уэс Щомыщ» цIэр къыпхуэгъэфэщэн папщIэ зыдэкIыу щыта щыгуитхум. ЩIалэхэм я мурадщ щIэныгъэ къэхутэныгъэм теухуа хьыбархэр, щIыщIагъ хъугъуэфIыгъуэхэм я колледж-цэхэр, а куейм и гляциологие, геологие иджырей цифровой сурэтхэр зэхуахьэсыну.

Илъэсым и кIэм прихьэлIэу

КЪЭРЭЩIЕЙ-ЩЭРДЖЭС. *Республикэр гажIэ къыхэзэпэщыныжкIэ лажьыгъэр еуэжьэрэкIыу йокIуэкI. Иджыпсту бжьамийхэр щыхъуэдий Урыс районым.*

ИДЖЫКIЭ лажьыгъэр унэтIыныгъэ зыбжанэкIэ йокIуэкI. ЩIыналъэхэр газкIэ къызэгъэпэщын программэм ипкъ иткIи, «Сторожевая-Прегрااда» гаубр тезыгъуащэ ухуэныгъэм пащэ. ГъущI бжьамий километр 21-рэ ягъэвати, абы щыщу 18-р яукъуэдиякIащ. ЕщIагъэлIэсм къызэралъытамкIэ, илъэсым и кIэм прихьэлIэу Урыс куейр газкIэ къызэгъэпэща хъунущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Концертыр къызэрыгъэпэщэхэр.

● Жэрдэм

Афган зауэм хэтахэм хуащI гулъытэ

Афган зауэм хэтахэм папщIэ Налшык, Абхъазэм и утыку, псапащIэ концерт щекIуэкIащ.

АР Я ЖЭРДЭМТ Афган зауэм хэтахэм къызэрагъэпэща «Зауэм фэбжь хэзыхахэр» урысейпсо жылагъуэ зэгуфIыкIныгъэмрэ Налшык кьалэм ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэм теухуауэ щыIэ центрымрэ.

Зи гугъу тщIы центрым игъэхьэзыра концерт программэм хэтхэр Тулинов Рустамрэ Кьармокьуэ Денисэрэ утыку кьраащащ. Москва кьикIа хьэщIэхэм яхэт уэрэджыIалIуэхэр бысымым езыгъэщIыхуар ди щIыпIэ дахэхэм теухуауэ уэрэди 100-м щигъу зыуса Калинкин Михаилщ.

КIыхьэгъэщIипхъэщ, уэрэд зыусауэ зыгъэзащIэхэм я бгылыжэ фестиваль илъэс зыбжанэ хъуауэ эзкIэлъыкIуэу Iуащхьэмахуэ льапэ зэрыщекIуэкIыр Калинкиным зэрифIыщIэр. Цыхуэ 300-м щигъу зыхэт «Чегетия» клубым и вице-президент Калинкин Михаил кьыхигъэщащ Налшык кьалэ илъэс 30-м щигъуауэ щIэх-щIэхьыуэ кьыззэрыкIуэр, щIыпIэм и дахагъымрэ налшыкдэхэхэм я гуапагъымрэ зэритхьэкъуар. Абы и мурадщ Iуащхьэмахуэ фестиваль зыбжанэ хъыщыгъэригъэпэщу щIыналъэм туризмым зыщIегъуэжьыным хэлъхьэныгъэ хуищIыну. Калинкиным зэрыжиIэмкIэ, Урысеим и тельыджибльм хьихь Iуащхьэмахуэр кьэбгъэнэу, мыльку тебгъэкIуэдау хамэ кьэралхэм ущIэкIуэн щхьэусыгъуэ щыIэкъым.

Зэхьихьэр кьызэзыгъэпэщахэм я мурад нэхъыщхьэр зи узыншагъэм къимыхьэр, ныкъуэдыкъуэхэр Интернетым, телевизорым кьыбгъэдэщауэ гъащIэм, щыхуэхэм кьаХэщIэ щэнхабзэмкIэ, макъамэмкIэ, нэгъуэщIхэмкIи яIэ зэфIэкIыр утыку кьрегъэхьэнырт.

Мэкъуауэгъуэм Москва щекIуэкIа «Воин-спорт 2012» спартакиадэм кьыхэжаныкIа Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ гупыр зэхьихьэм щагъэльэпIащ. ЩIалэхэм кьызэрыгъэфэща щыхь, щытхъу тхьилъэр, медалхэр Кошак Аннэ яритыжащ. Апхуэдэхэт, спортым и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм пашэ щыхьуа Екъулъ Зауэбгъ, Тэмазэ Муйэд, Жьылэтэж Валерэ, Сейнов Мухьэмэд, Щауэлъхьуэ Хьусен, Ездач СультIан, Щэрджэс Ратмир, Чылэ Тимур, Хьэлупэ Кьантемыр, Маргъущ Арсен сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зауэм фэбжь хэзыха ныкъуэдыкъуэхэмрэ УФФС-м и республикэ кьудамэм Iэпщэрыбанэ спортымкIэ и мастерхэмрэ спортым и унэтIынгъэ зэхуэмыдэхэм щIэ зэфIэкIэр щагъэльагъуэм, зэхуэсхэм Iэгуауэшхуэ хуэIэтащ, спортсменхэм я льэщагъыр ягъэщIагъэу.

Тэрч районым и гъунапкъэхьумэхэм утым щызэхуэсахэр ирагъэблэгъащ шхыныгъуэ зэхуэмыдэхэр зытету ягъэхьэзыра Iэнэм.

Ди республикэм и уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэм кьадэжIуэу, концерт программэм хэтащ Москва кьикIа артистхэр. Калинкин Михаил, Кузнецов Сергей, Палладий Ольгэ, Тембот Зариндж, Мэкьуауэхэ Аслъэнгъэ Регинэрэ, ХьэIупэ Кьантемыр сымэ, «Къафэ» цIыхуэб ансамблым, «Danse masters» гупхэм, нэгъуэщIхэми зауэлIхэм теухуауэ жаIа уэрэдхэмрэ ягъэзэщIа кьафэхэмкIэ зэхуэсахэм я гукъыдэжкIэ кьаIэтащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **ХОЛЛАЕВЭ Любэ** *трихащ.*

● КъБР-м и МВД-м къет

Хьэсэней мэзылъэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ �IэнатIэхэм хабзэм къемызэгъыу ЕщIэкIэ зыщIэуэздэ бандэ гупым щыщхэм я хэщIапIэр убзыхуным, ахэр убдыным теухуа къэалъыхъуэныгъэ, нэгъуэщI Iухуэгъуэ щхьэхуэхэр щрагъэкIуэкIым, щыщхьэIум и 6-м сыхьэт 21-рэ дакъикъэ 50-м Хьэсэней къуажэбгъум и мэзылъэм щэч зыхуащIахэр къыщагъэувыIэну хэтащ. Иуэжьрейкэр хабзэхъумэхэм ЕщIэкIэ хакъэуэу щIадзащ. А зэпэувынигъэм боевикитI щаукIащ.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, ахэр хьэсэней дэсхэщ, зыр 2012 гъэм и мэлыжьыхь лъандэрэ хъыбарыншэу кIуэдахэм хабжэ.

Зэхэуэр къыщыхъуа щIыпIэм къыщагъэутащ мм 5,4-рэ хъу щэхэм хуэщIа АКС-74 Iэщэр, шалъитI щIыгъуу (ар 1996 гъэм ШэшэнРеспубликэм щекIуэкIа зауэхэм щыкIуэдахэм ящыщщ), шалъитI я гъуэгу иджыри апхуэдэ зы Iэщэ (2000 гъэм УрысейФедерацэм дэз кьулыкъур щезыхьэкIым фIэкIуэдауэ щытащ), щагъауэкIэ макъ езымыгъэщI Iэмэпсымэ зытет кIэрахъуэ, Ф-I гранатэ, «Хаттабка» IэрыщI къагъауэ Iэмэпсымэ.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хьыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и IэнатIэ.

Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

IУПЪХЬЭ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэрапэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

● Хьыбар гуапэ

КУРАМАГОМЕДОВ Заур:

Дыщэм сыхущIэкъуат, арщхьэкIэ жэзри зыми естынутэкъым



Курамагомедовым текIуэныгъэр кьихьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Курамагомедов Заур (Лондон щекIуэкI Гъэмахуэ Олимпиадэм жэз медалыр кьыщихащ.

АЛЫДЖ-УРЫМ бэнэкIэмкIэ килограмм 60-м нэс зи хьэльагъэхэм я зэпеуэм хэта ди лъахэгъэм и ятIэ хьэрхуэрэгъу хьуащ Алжиром щыщ Бенаису Тарек Азиз. Курамагомедовым ар 1:0, 1:0-у хигъащIэри, финалым и Iыхьэ пIанэм кIуащ.

Хэт и гуэнт Заур абы «щыIэпэрэпэну-?» Грузием щыщ Лахши Реваз ди щIалэм зэрефIэкIышхуэ щыIэтэкъым. АрщхьэкIэ ятIэ Iыхьэр 2:0-у ихьащ. ЕтIуанэм Курамагомедовым зыгъэщIикъуэжри, 1:0-у и хьэрхуэрэгъуэ хигъэщIащ, ауэ текIуэныгъэм папщIэ ар мащIэIуэт. Арати, грузиныр адэкIэ кIуэтащ. Курамагомедовыр кьыхэззытгъэщIам иджы дэщIын хуейт. Лахши Реваз елытат Заур адэкIэ жэз медалым зэрыщIэбныфынур - ар финалым нэсмэ, ди лъахэгъуэ зэхьэзэхуэм кьыхагъэхьэжынут. Апхуэдэуи къэхъуащ. Лахши кIэух зэIущIэм щыбэнащ, ауэ Ираным и лIыкIуэм кьыхигъащIэри, дыжьынымкIэ арэзы хъуащ.

Зэпеуэм кьыхагъэхьэжа Курамагомедовыр иджы мафIэм хуэдэт. Тезыгъэу зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэм абы кьыщыпэщIэхуа Египетым щыщ Хьэмед Сайд ныкъуэкьуэгъу лъэщу кьыщIэкIамн, нкIэм-нкIэжьым efIэкIащ. Бэнэныгъэр зэрыгуэщIам и щыхьэтщ 1:4, 4:0, 2:0 бжьыгъэхэр. Апхуэдэу ихуащ а тIум я зэпэщIэтыныгъэр.

АдэкIэ жэз медалыр кьыщыпэплъэ финал щыкIуэм Заур кьыщыпэуващ Азербайджаным икIа Алиев Хьэсэн. Ар нэхъ тыншу ди щIалэм 2:0, 2:0-у хигъэщIащ нкIи жэз медалыр зыIэригъэхьащ.

«Зэрыщыту кьапщтэмэ, Олимпиадэм кьрикIуамкIэ сыарэзыщ, жиIащ зэхьэзэхуэм иужькIэ Курамагомедов Заур. - Пэжщ, сызыхущIэкъуар дыщэращ, ауэ жэзри зыми естынутэкъым. Пасэу сыкьыззэрыхагъэщIам и щхьэусыгъуэр иужьрей махуиплIым килограммиплI кIэрызгъэхун хуей зэрыхъуараш. Абы си Iэпкъгъэпкъыр щIигъэлIащ, ауэ иужькIэ сыкьызззэщIэпльэри, арт кьыхсфIэлуэхужакьым».

Хьэлэмэтращи, Курамагомедов Заур зы зэхьэзэхуэм зэи кьыхэжькъым медаль гуэр кьыщимыхьауэ. Мис аргуэруи Iыхьэншэ хъуакъым.

КЪЭХУНЪ Бэч.

Курамагомедов Заур КъБР-м щыщ Тырныауз къалэм 1988 гъэм гъатхэнэм и 30-м кьыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэс 10-м ягу щIидзэри, алыдж-урым бэнэкIэм Тырныауз къалэм дэт сабий-ныбжьыщIэ спорт школым щылажьэ (локъуев Юрий и деж зыщIгъэсащ.

Килограмм 60 зи хьэльагъхэм яхэту мэбанэ. Къэралым и чемпионатхэм ныкьрей илъэсиплым щытекIуащ, Европэм тIэунейрэ и призерщ, 2011 гъэм дунейпсо чемпионатым жэз медалыр къыщихьащ. СпортымкIэ дунейпсо класс зиIэ мастерщ.

2005 гъэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Ростов областымрэ я цIэкIэ мэбанэ.

Ди чемпионхэм къахохъуэ

XXX Гъэмахуэ Олимп Джэгухэм я ещIанэ махуэр Урысей Федерацэм икIахэм нэхъ яхуэгъэурлащ. Мы зэхьэзэхуэм иджыри къэс къыщымыхьауэ Олимп чемпиону 3 зуэ диIэ хъуащ.

Зариповэ Юлие

СПОРТ гимнастикэмкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм псоми щефIэкIри, дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ **Мустафинэ Алия**. Ардыдэм пэгъунэгъуащ **Аблязин Денис.** АрщхьэкIэ ятIэ увыпIэр абы хуэхъумакъым икIи дыжьын медалыр кьыльысащ.

Лъэпощхьэпохэр кьызэранэкIыуэрэ километрищ къэжьныныкIэ щIыхуб3хэм я зэпеуэм щытекIуащ **Зариповэ Юлие.** Зэдзэжи и пэм щегъэжьауэ абы зыри ятIэ иригъэщакъым икIи хуэфащэ дыдэу дыщэр Iэрыхьащ.

Осетие Ищхъэрэ-Аланием щыщ **Хугаев Алан** Олимпийскэ Гымнастикэм и чемпион зэрыхъуам теухуа хьыбар кьыщыгъэхьам жэщыбг хъуат. Алыджурым бэнэкIэмкIэ килограмм 84-м нэс зи хьэльагъхэм я финалым ар щытекIуащ 2004 гъэм Афины щыIа Олимпиадэм дыщэ медалыр кьыщыхьыха Египетым щыщ Габер Карам. Абы щыгъуэми куэд дыдэкIэ дызыщыгугъа Урысей Федерацэм и бэнакIуэ гупым я капитан Бароев Хьэсэн зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэм кьыхагъащIри, зэпеуэм кьыхагъэкIащ.

Нэхъыбэ хуэофIэкIын хуеящ нэгъуэщI ди спортсмен цIэрыIуэ **Исинбаевэ Елени.** АрщхьэкIэ мазэ зыбжанэкIэ спортыр Iэщ1ыб зэрищIауэ щытар льэужьыншэу кьэнакъым икIи жэз медалым арэзы текIуэн хуей хъуащ.

Олимпиадэм и епщIанэ махуэм дыщэ медалу 3, дыжьыну 1, жэзу 2 кьызэрихьам и фIыгъэкIэ, Урысей Федерацэр еханэ увыпIэм нэс дэкIуэтеящ. Нэхъапэми хуэдэу, гуп зэпеуэм бжьыпэр щаIыгъ Китайм и спортсменхэм. Абыхэм я дыщэ медалхэм я бжьыгъэ 30-м нагъэсащ. Олимп чемпионитKIэ нэхъ мащIэ иIэу аращ США-м

ТЕМЫР Дисанэ.

Хугаев Алан

Мустафинэ Алия

ДУНЕЙМ И ЩЫХЪЫБАРХЭР

Президентым зыхуеГъазэ

Музыкант цIэрыIуэ Макаревич Андрей Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир тхыгъэ зэIуэкIэ зэхуитIэзащ.

Макаревич Путиным йолъэIу Урысейм зыщызыубгъу Iуплъхьэ тын-кьеIыхыным пэщIэтыгъуэхэм я «Зэрыкъэралу ящIэ бюджет ахъшэр зыхуаятIыпщхэм абы щыщ Iыхьэшхэм кьызэрырагъэззэкьым. Иужьрей илъэситIкIэм ар процент 30-м щыщIэдзауэ 70-м нэсащ, - етх абы. - Адрей кэнэжа процент 30-мкIэ дэ ди зыхъумэжьыныгъэр дгъэбыдэну, гъуэгухэр дахуэну, промышленностым, медицинэм, егъэджэныгъэм зедгъэужьыну, мы дунейм щыхэхьэфI дыдэ Олимпиадэ едгъэкIуэкIыну зыдогъэхьэзыр. ЩытыкIэм икIэщыпIэкIэ зимыхъыжьэмэ, псори кьызэтещэщэжьну шынагъуэщхуэ щыIэщ».

Мы тхыгъэ зэIуэр «Московский комсомолец» газетым кьытрадзащ икIи занщIэу куэд кьыпэджжащ. Макаревич Андрей иужь льэхъэнэм политикэм зиратащ. Ар президенту зыкъэзыгъэлъэгъуэ хьэрычатыщIэ цIэрыIуэ Прохоров Михаил дзыхь зригъэза и цIыхуу щытащ, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэм хэтщ.

Премьер-министрыр щIопхъуэж

Сириием и президентым къэралым и премьер-министрыр и къулыкъым тригъэкIащ.

МазитI и пэкIэ правительствэм и Iэтащхьэ и гъэуза Хиджаб Рияд оппозицэр зэрыдиIыгъыр жиIэри, Иорданым зыщигъэпщкIуащ. Власты и бийуэ зыкъэзыIэтахэм ар я пашэ хъуну зегъэхьэзыр.

Президент Асад Башар и Iуэху абы нэхъ Iеиж ещI. Зы лъэныкъуэкIэ кьухъэпIа къэралхэм текIыну къытракъуэз, адреймкIэ щэхурыльажьэхэр къыкIэщIаутIыпщхьэ. Иджыблагъэ Сириием и армэм щыщхэм гъэр ящIащ Тыркымрэ Сауд Хьэрыпымрэ кьыкIауэ оппозицэм зэуэкIэ езыгъащIэ офицерибл. Абыхэм суд тращыхьыну загъэхьэзыр.

НАТО-мкIэ йоплъэкI

Грузием и президент Саакашвили Михаил ОльщIэ кIуам щыIащ Осетие Ипщэм пэгъунэгъуу щыс курыжы къуажэхэм.

А щIыпIэм щыпсэухэм Саакашвили яжриIащ «Урысейм зрипхъуэ куржы щыналъэхэр Iэмал имыIэу кьызэрэтрахьжьынуу», икIи Грузиер мыгувэу НАТО-мрэ Евросоюзымрэ зэрыхьыхьнур. «Дэ фIэкIыпIэншэу ди къэралыр зэкъуэдгъэувэжынущ икIи дищIэхэр зыIэрыдгъэхьэжынущ. Грузием и щIыналъэр Урысейм зэи хуегъэзыжынукъым, нэхъапэм зы зэрыпхъуакIуэми ар зэрыхуэзэфIэмыкIам хуэдэу» - кьыхигъэщащ абы.

Ирамыгъэблэгъа хьэщIэхэр я хэкум ирахуж

Алыджым и властхэм къэралым ирагъэIэпхъуныжыну зягъэхьэжыр хабзэм емызэгъыу къэIэпхъуэ щыIэу 1600-м щигъу.

Къэзис куум зэщIищIа къэралым езым и щыхъэр хуэгъэшхэж къудейщ икIи иримыгъэблэгъа хьэщIэхэр къытохьэлъэ. Абы кьыхэкIыу полицэм щIипщытыкIащ хэт дапхуэдэу Алыджым къэкIуами. ЦIыху мини 6-м ирблагъэ яубыдат, арщхьэкIэ нэхъыбэр яутIыпщыжащ. Адрейхэр зэман кIэщым кьриубыдэу кьэралым ирагъэкIыжынущ.

Н О Б Э

♦ 1942 гъэм Зыхъуэмэжьымыкнэ Налшык комитетым унафэ ищIащ кьалэм и кьыдыкъэпIэхэм быдапIэхэр щауэгъуэну.

♦ Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор **ГъукIэжь Людмилэ** къыщалъхуа щыхуэщ.

♦ Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Щэдалы Мухьэмэд** 1956 гъэм къалъхуащ.

Дунейм и щытыкIэнур:

ГIшэр техьэ-текIуэу щытынущ. Махуэм хуабэу градус 28 - 31-рэ, жэщым градус 20 - 24-рэ щыIэнущ.

ПIалэнэр зыгъэхьэзырар **ХЬЭТАУ Исламщ.**

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

Ныбгъуэр жьы хъуамэ, адэжьнэ мэхъуж.

Афган зауэм хэтахэм хуащI гулъытэ

Афган зауэм хэтахэм папщIэ Налшык, Абхъазэм и утыку, псапащIэ концерт щекIуэкIащ.

АР Я ЖЭРДЭМТ Афган зауэм хэтахэм къызэрагъэпэща «Зауэм фэбжь хэзыхахэр» урысейпсо жылагъуэ зэгуфIыкIныгъэмрэ Налшык кьалэм ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэм теухуауэ щыIэ центрымрэ.

Зи гугъу тщIы центрым игъэхьэзыра концерт программэм хэтхэр Тулинов Рустамрэ Кьармокьуэ Денисэрэ утыку кьраащащ. Москва кьикIа хьэщIэхэм яхэт уэрэджыIалIуэхэр бысымым езыгъэщIыхуар ди щIыпIэ дахэхэм теухуауэ уэрэди 100-м щигъу зыуса Калинкин Михаилщ.

КIыхьэгъэщIипхъэщ, уэрэд зыусауэ зыгъэзащIэхэм я бгылыжэ фестиваль илъэс зыбжанэ хъуауэ эзкIэлъыкIуэу Iуащхьэмахуэ льапэ зэрыщекIуэкIыр Калинкиным зэрифIыщIэр. Цыхуэ 300-м щигъу зыхэт «Чегетия» клубым и вице-президент Калинкин Михаил кьыхигъэщащ Налшык кьалэ илъэс 30-м щигъуауэ щIэх-щIэхьыуэ кьыззэрыкIуэр, щIыпIэм и дахагъымрэ налшыкдэхэхэм я гуапагъымрэ зэритхьэкъуар. Абы и мурадщ Iуащхьэмахуэ фестиваль зыбжанэ хъыщыгъэригъэпэщу щIыналъэм туризмым зыщIегъуэжьыным хэлъхьэныгъэ хуищIыну. Калинкиным зэрыжиIэмкIэ, Урысейм и тельыджибльм хьихь Iуащхьэмахуэр

● КъБР-м и МВД-м къет

Хьэсэней мэзылъэм

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ ЕнатIэхэм хабзэм къемызэгъыу ЕщIэкIэ зыщIэуэздэ бандэ гупым щыщхэм я хэщIапIэр убзыхуным, ахэр убдыным теухуа къэалъыхъуэныгъэ, нэгъуэщI Iухуэгъуэ щхьэхуэхэр щрагъэкIуэкIым, щыщхьэIум и 6-м сыхьэт 21-рэ дакъикъэ 50-м Хьэсэней къуажэбгъум и мэзылъэм щэч зыхуащIахэр къыщагъэувыIэну хэтащ. Иуэжьрейкэр хабзэхъумэхэм ЕщIэкIэ хакъэуэу щIадзащ. А зэпэувынигъэм боевикитI щаукIащ.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, ахэр хьэсэней дэсхэщ, зыр 2012 гъэм и мэлыжьыхь лъандэрэ хъыбарыншэу кIуэдахэм хабжэ.

Зэхэуэр къыщыхъуа щIыпIэм къыщагъэутащ мм 5,4-рэ хъу щэхэм хуэщIа АКС-74 Iэщэр, шалъитI щIыгъуу (ар 1996 гъэм ШэшэнРеспубликэм щекIуэкIа зауэхэм щыкIуэдахэм ящыщщ), шалъитI я гъуэгу иджыри апхуэдэ зы Iэщэ (2000 гъэм УрысейФедерацэм дэз кьулыкъур щезыхьэкIым фIэкIуэдауэ щытащ), щагъауэкIэ макъ езымыгъэщI Iэмэпсымэ зытет кIэрахъуэ, Ф-I гранатэ, «Хаттабка» IэрыщI къагъауэ Iэмэпсымэ.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хьыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и IэнатIэ.

Республикэм щыпсэухэм ящIэн папщIэ

IУПЪХЬЭ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэрапэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

● КъБР-м и Парламентым и комитетхэм

Псыр къызэрапщ Iэмэпсымэхэр щакъутэ щыIэщ

ЦIыхухэр ирафын псыкIэ къызэрызэрагъэпэщым, псы фIейхэр зэрагъэкъабзэм теухуауэ щытащ КъБР-м и Парламентым Экологиемрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ и комитетымрэ УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ, гъэсыныпхъэ-экономикэ комплексымкIэ комитетымрэ зэщIыгъуу Прохладнэ къалэм псы бжьамийхэр зезыхьэ и IуэхущIапIэм щрагъэкIуэкIа зэIущIэр. Абы щIидзэн и пэкIэ предприятэм и унафэщI Хан Олег къызэхуэсахэр IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я щытыкIэм иригъэплъащ. ХьэщIэхэм езыхэм я нэкIэ ялъэгъуащ хабзэм къигъэув Iуэхугъуэ псори гъэзэщIэным мы предприятэм зэрыщегугъур. Абы и щыхьэтщ нэгъабэ екIуэкIа Урысейпсо конкурсым кърикIуахэм япкъ иткIэ Прохладнэм дэт IуэхущIапIэр къэралым и псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и предприятэ нэхъыфIхэм ящыщу къызэралъытар икIи абы УФ-м ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и министерствэм и дипломыр къызэрыратар.

Ауэ мыбыи щыIэщ республикэм и адрей апхуэдэ IуэхущIапIэхэр къэзылъахъэ гугъуехьхэр. Къапщтэмэ, абы и фонд нэхъыщхьэхэр жьы дыдэ хъуащ. Псы кубометр мин 24-рэ зи лъэщагъ псы къыщIэшыпIэр 1976 - 1978 гъэхэм ящIауэ щытащ. Абы лъандэрэ ар зэи зэрагъэпэщыжакъым. Псы фIейр щагъэкъабзэ IуэхущIапIэри щаухуауэ щытар 1976 гъэрщ. Абы зы жэщ-зы махуэм къриубыдэу къалэм къыщIэж псы фIейуэ кубометр мин 25-рэ щагъэкъабзэ. А ухуэныгъэ псори зэбгъэпэщын хэмылъыж жыхуаIэм хуэдэу жьы хъуащ, сыту жыпIэмэ, зэи капитальнэу зэрагъэпэщыжакъым. Псы къабзэ зрикIуэ бжьамийхэмрэ канализацэмрэ я щытыкIэри нэхъыфIкъым.

А псоми къадэкIуэу предприятэм икъукIэ хэщIыныгъэшхуэ кърет псом хуэмыдэу гъэмахуэм псыр зэрадыгъум. Хан Олег къыхигъэщхьэхукIащ псыр зэгъэзэхуауэ къызэрамыгъэсэбэпым папщIэ яхь жэуапыр гъэткIиин хуейуэ къызэрилъытэр. Къалэ администрацэм унафэ къыдигъэкIащ унагъуэхэм бжьамийхэм падзэурэ хадэхэм псы щIагъэлъэдэну зэрыхуимытым теухуауэ. Хадэ зезыхьэхэм къалэдэсхэм къыхуаутIыпщ псыр апхуэдэ мурадхэмкIэ къагъэсэбэп щыхъунур сыхьэт 22-м и ужькIэщ.

Псыр хадэхэм щIагъэлъэдэн папщIэ къэзыгъэсэбэпхэм ящыщ куэдым абы и уасэр ятыркъым. Псори зэхэту гъэмахуэ лъэхъэнэм предприятэм псы уасэу щIымахуэм елъытауэ ику иту къыIэрыхьэр сом мин 300 - 400-м щIигъуркъым. Суткэ къэс къалэм псы кубометр мин 20 къыхуаутIыпщ, ауэ абы щыщу канализацэм кIуэжыр кубометр мини 6 хуэдиз хъууэ аращ. Адрейр хадэхэм щIагъэлъадэ, хуэзэ пщIэр щIамыту. Абы папщIэ, доклад зыщIам къызэригъэлъэгъуамкIэ, цIыхухэм псыр къызэрапщ Iэмэпсымэхэр щакъутэ куэдрэ къохъу.

Предприятэм апхуэдэу къомэщIэкI IэщIагъэ нэс зиIэ рабочэхэр - ремонт зыщI слесархэр, ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп техникэм ирилажьэхэр, электрикхэр, ухуакIуэхэр. «Лэжьыгъэ пIащIэгъуэхэр къыщыкъуэкIам деж дгъэкIуэн папщIэ дэ бригадэу плIы диIэн хуейщ, ауэ нобэкIэ къытхузэгъэпэщар тIу къудейщ», - жиIащ Хан Олег.

ЗэIущIэм къыщапсэлъахэм япкъ иткIэ, Парламентым и комитетхэм КъБР-м и Правительствэм чэнджэщ иратащ 2012 - 2017 гъэхэм ятещIыхьа «Псы къабзэ» республикэ программэ хэхамрэ «2011 - 2015 гъэхэм КъБР-м и псэупIэ-коммунальнэ комплексым реформэ щегъэкIуэкIынымрэ ар къэгъэщIэрэщIэжынымрэ» республикэ программэ хэхамрэ гъэзэщIэным текIуэдэну ахъшэр ирикъуу къиутIыпщыну.

Апхуэдэу Прохладнэ къалэм псы бжьамийхэр зезыхьэ и муниципальнэ предприятэм чэнджэщ иратащ законодательствэм къызэригъэувым хуэдэу предприятэм и инвестицэ программэ зэхилъхьэну, апхуэдэу псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэм папщIэ IэщIагъэлIхэр республикэм и еджапIэхэм щагъэхьэзырынымкIэ зыхуэфащэ Iуэхугъуэхэр къыхилъхьэну.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Кулиев Мустафир, Прохладнэ къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ Кладько Игорь сымэ.

УРЫСМАМБЭТ Бэллэ.

Къэнжал зауэ

● Фильм

IуэрыIуатэми тхыдэми къызэрыхэщыжщи, адыгэр зауэ-банэ куэдым къыпхрыкIащ. Тэтэрхэр, нэгъуейхэр, кърымыдзэхэр, нэгъуэщIхэри увыIэгъуэ ямыIэу ди адэжьхэм къатеуэрт, яхъунщIэрт, цIыхукIи мылъкукIи хэщIыныгъэшхуэ къыхуахьу.

ТХЫДЭМ икъукIэ увыпIэшхуэ щиIыгъщ 1708 гъэм екIуэкIа Къэнжал зауэм. Абы теухуа зы лэжьыгъэ иджыблагъэ яухащ. Тхыдэ-щIэныгъэхэм я доктор Къущхьэбий Анзоррэ а щIэныгъэхэм я кандидат Накуэ Феликсрэ илъэситIкIэ зэлэжьа фильмыр, «Къэбэрдей-Кърым зауэ (1708 гъэ)» жыхуиIэр, шыщхьэIум и 3-м Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм утыку къыщрахьащ.

Фильмыр ягъэлъэгъуэн и пэ къихуэу, абы елэжьахэр утыку къихьащ, я гупсысэхэмкIэ къызэхуэсахэм ядэгуэшащ.

Я цIэ къиIуапхъэщ фильмыр зи Iэдакъэщ Iэк Iхэм: режиссерыр Абыдэ Динэщ, операторыр Щоджэн Евгенийщ, макъамэ щIэзылъхьар Увыж Анзорщ, тхыгъэм къеджар Битокъу Неллищ, компьютер лэжьыгъэхэр зыгъэзэщIар Зыченкэ Татьянэрэ Елеевэ Миланэрэщ. Фильмыр зыщIахэм мылъкукIэ, Iуэху пыухыкIакIэ зыщIагъэкъуащ «Маржэ» IуэхущIапIэр зей Шыкъ Хъусни, КъБР-м хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Къумахуэ Мухьэдин, модельер ХьэцIыкIу Мадинэ сымэ.

- Псом япэу, фигу къэзгъэкIыжыну сыхуейт 1708 гъэм къэхъуа Iуэхугъуэхэр зыхуэдар, - захуигъэзащ къекIуэлIахэм Къущхьэбий Анзор. - Ар къызэрыгуэкI Iуэхугъуэтэкъым, атIэ Кърым хъаныдзэмрэ Къэбэрдеймрэ я зэпэщIэувэныгъэ гуащIэт. Мыбдеж къыхэзгъэщынут а зэманым Кърымыр Уэсмэн империем хыхьэу зэрыщытар. Ар къэтлъытэрэ, «Уэсмэн империемрэ Къэбэрдеймрэ я зауэ» жытIэмэ, нэхъ пэж хъунуи къыщIэкIынщ. ЗэрытщIэщи, зауэр Уэсмэн империем и сультIан Ахъмэт III и унафэкIэ яублат. Къэбэрдеипщхэми, зэгурымыIуэныгъэ яку дэлъхэр лъэныкъуэ ирагъэзри, зы къаруу къэуват. Абыхэми нэгъуэщI къэхутэныгъэхэми я гугъу щытщIащ фильмым. Дыщогугъу ди лэжьыгъэр тхыдэм дихьэххэм ягу нэсыну.

АдэкIэ Накуэ Феликс кIэщIу къытеувыIащ фильмыр зэрызэхэлъымрэ зи гугъу тщIы лъэхъэнэм щыIа Iэщэ лIэужьыгъуэхэмрэ.

Фильмыр дакъикъэ 45-кIэ йокIуэкI икIи утемызашэу уоплъ. Архив дэфтэрхэр, щIэныгъэлI куэдым мы зауэм теухуауэ жаIар къыщызэщIэкъуа а лэжьыгъэр тхыдэ дерсу къэплъытэ хъунущ. Гуапэщ фильмыр зыщIахэм Къэбэрдейм и пщы лъэпкъ нэхъ цIэрыIуэхэу ХьэтIохъущокъуэхэ, Мысостхэ, Къетыкъуэхэ, Бэчмырзэхэ я лъэпкъ дамыгъэхэр зытет ныпхэр зэрызэфIагъэувэжар. Ахэр яIыгъыу утыку къихьащ адыгэ фащэкIэ хуэпа щIалэ зыбжанэ.

XVIII лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм Уэсмэн империем мурад быдэ ищIат Кавказ Ищхъэрэр зэрыщыту къиззэуну. Псом хуэмыдэу ерыщт 1707 гъэм Кърымым и тет хъуа Къаплъэн-Джэрий. А гъэ дыдэм абы и лIыкIуэхэр Къэбэрдейм къигъэкIуэгъат мини 2-м нэблагъэ гъэр къратыныр и унафэу. Абы и щхьэусыгъуэу кърым хъаным къигъэлъагъуэр зыт: 1699 гъэм абы и къуэхэм ящыщ зы яукIауэ щытати, лъы уасэу иригъэпшыныжыну арат. Адыгэхэм зэрахабзэщи, япэ щIыкIэ кърымхэм хьэщIагъэ ирахащ. Ауэ кърымыдзэм иригъэлей щыхъум (хъунщIэу, залымыгъэ зэрахьэу), къэбэрдеипщ ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ пщыхэмрэ уэркъхэмрэ зэхуишэсри, унафэ ящIащ е лIэн, е лIын щIыжаIа щытыкIэм хуэдэм къызэрикIыну щIыкIэм теухуауэ. Зы жэщым и кIуэцIым бийр зэтраукIащ. Къаплъэн-Джэрий къэхъуар Уэсмэн империем и сультIан Ахъмэт III деж нигъэсри, зауэ иублэну хуит къищIыну елъэIуащ. Ахъмэт III арэзы зэрыхъум и щыхьэту, ахъшэрэ саугъэтхэмрэ абы къыхуригъэхьат.

Къэхутэныгъэ зыбжанэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, уэсмэн-кърымыдзэр и бжыгъэкIэ мин 40 - 60-м къыщыщIэдзауэ мин 80 - 100-м нэблагъэ хъурт. Ар икъукIэ къаруушхуэт, арщхьэкIэ къэбэрдейхэр абы зэрефIэкI щыIэт: яшхэм губгъуи, мэзи, бгылъэ щIыпIи я зэхуэдэу къыщакIухьырт, Iэщэ-фащэкIэ зауэлIхэр зэщIэузэдат, псом я нэхъыщхьэжрати, щIыпIэр фIы дыдэу зэрацIыхур къагъэсэбэпыфынут. Ахэри нэгъуэщI Iэмал гуэрхэри къагъэсэбэпурэ, зауэ гуащIэм адыгэм текIуэныгъэр къыщихьащ. Къыхэгъэщыпхъэщ хэщIыныгъэшхуэ зыгъуэта кърымхъаныдзэм 1720 гъэ пщIондэ зыкъызэримыгъэхъеяр. ИужькIэ, Къэбэрдейм дапщэрэ къытеуами, 1720, 1729, 1731, 1739 гъэхэм, ар ди дзэм хигъэщIащ.

Фильмыр зэрыкупщIафIэм къищынэмыщIа, псори зэхэхауэ, зэрызэкIэлъыкIуэн хуейм хуэдэу зэхэгъэуващи, абы уеплъыныр къохьэлъэкIыркъым. Ари, фильмыр тхыдэм и пэжыпIэм тегъэщIауэ зэрызэхалъхьари къыхигъэщу зэхыхьэм и кIэм къэпсэлъащ ХьэтIохъущокъуэ Ищхъэрэ щыщ Джэдгъэф Хъусен.

- Сэ фигу къэзгъэкIыжыну сыхуейт ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ и Iуащхьэр ди жылэм и гупэмкIэ зэрыщытыр, апхуэдэуи ди къуажэ дэтщ Кургъуокъуэ и къуэм и къуэжым и сынри. Дэ ди тхыдэр апхуэдизкIэ купщIафIэщи, фильм зытепхын ди куэдщ. ИкъукIэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ, гугъу зезыгъэхьахэм фIыщIэ яхузощI, - жиIащ Джэдгъэф Хъусен.

Фильмым епхауэ мыр къыхэгъэщыпхъэщ. Илъэс зыбжанэ хъуащ Ленин, Осетинскэ уэрамхэм я зэпыхьэпIэм и ижьырабгъукIэ иIэ щIыIэнэщIгъэдахам мывэ зэрыщагъэтIылърэ, ХьэтIохъущокъуей Кургъуокъуэ и фэеплъыр здэщыIэнур ирырагъэбелджылыуэ. Скульптор цIэрыIуэ СэвкIуий Хьэмид ищIауэ щыIэщ а фэеплъыр. Къэнжалыщхьэ тетыну фэеплъри куэд щIащ зэрыхьэзырrэ, Црым Руслан и IэдакъэщIэкIыу. ЗэIущIэм хэтауэ фильмым теухуауэ дызэупщIахэм, «мыр хъарзынэ дыдэщ, ауэ фэеплъхэр гъэувыныр кIыхьлIыхь щIэхъуам и щхьэусыгъуэр сыт?» - жаIэу гукъанэ зымыщIа яхэткъым. Дыщыгугъынщ зэман гъунэгъум абыи унафэ игъуэтыну. Дэ дызэрыщыгъуазэмкIэ, Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуIу Советым КъБР-м и Iэтащхьэм зыхуигъэзащ мы Iуэхум теухуауэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Щикъухьащ адыгэр дунеижьым



Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм сурэтыщI куэд къахэкIащ. Абыхэм ящыщт художник Iэзэ Хьэгъундокъуэ Муккэрэм *(Иордание, Амман къалэ)*. **Ар илъэс блэкIам дунейм ехыжащ, ауэ къэнащ и лэжьыгъэ купщIафIэхэр, и унагъуэ дахэр** *(сурэтым)*.

Илъэс 70-м нэсащ Хэку зауэшхуэр зэриухрэ. Зэманыр кIуами, гум ихуркъым а мафIае лъэхъэнэм цIыхухэм къахуихьа гуауэмрэ насыпыншагъэмрэ. ЯщIэж ахэр зауэм хэтахэм, зи Iыхьлы, благъэ абы кIуахэм. Мамырыгъэм папщIэ зи псэ зытахэм, зауэм и фэбжьхэм иужькIэ яхыжахэм я фэеплъ нэхур сакъыу яхъумэ ди цIыхухэм, лъэпкъ гъэсэныгъэм и лъабжьэу ягъэтIылъу. Апхуэдэ щапхъэхэм ящыщщ Хэку зауэшхуэм и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс хэта, абы лIыхъужьыгъэрэ хахуагъэрэ къыщызыгъэлъэгъуа Азэмэт Пщызэбий Хьэмырзэ и къуэр.

● Жыжьэ - гъунэгъу

ЛIыгъэм и гъуэгу

1941 гъэ

1983 гъэ

СОВЕТ къэралыгъуэм къару игъуэт къудейт, Пщызэбий дунейм къыщытехьам. ЩIалэ цIыкIум и сабиигъуэр хиубыдащ хэкум псэукIэщIэр щыщаухуэ лъэхъэнэм. Я жылэ Ерокъуэ дэт школыр къиуха нэужь, Пщызэбий щеджащ Налшык дэт мэкъумэш техникумым. Къуажэдэсыр зыхуеину мэкъумэшыщIэ IэщIагъэр зригъэгъуэтами, щIалэр зэрысабийрэ зыщIэхъуэпсыр нэгъуэщIт: ар хуейт сэлэт фащэ екIур щыгъыу дзэм къулыкъу щищIэу псэуну. Къуажэм щызэхэт хозяйствэм зоотехникыу зы илъэскIэ щылэжьауэ, Азэмэтым мурад ещI и хъуэпсапIэр зыIэригъэхьэну икIи 1939 гъэм ар щIотIысхьэ артиллеристхэр щагъэхьэзыру Киев дэт училищэм.

Зэманыр гугъут: фашизмым и щхьэр къиIэтауэ КъухьэпIэмкIэ щыятэрт. Шынагъуэр гъунэгъу къызыхуэхъу ди къэралми зэрыхъукIэ зыхуигъэхьэзырырт абы зэрызыщихъумэным: техникэр ирагъэфIакIуэрт, сэлэтхэр зауэ хуэIухуэщIэхэм хурагъаджэрт. Апхуэдэу Пщызэбий сыми я пIалъэр къэмысу кърагъэухауэ щытащ училищэр. Лейтенант щIалэр къулыкъу щищIэну ягъэкIуауэ щытащ Минск дзэ округым.

Хэку зауэшхуэм щыщIидзам щыгъуэ, Азэмэтыр танк взводым и командирт. Куэдрэ игу къэкIыжащ адыгэ щIалэм а пщэдджыжьыр. «Зауэм и япэ махуэхэр шынагъуэ дыдэт. Бий зэщIэузэдам дыпэмылъэщу дэ дыкъикIуэтырт, хэщIыныгъэшхуэхэр диIэу, - жиIэжырт абы. - ИтIани къаруууэ диIэр зэхэтлъхьэрти, бийм дебгъэрыкIуэрт. ДищI, ди Хэку зэрытхъумэжым нэхъри дытригъэгушхуэрт». Пщызэбий яхэтащ Минск, Могилев, Брянск, Орел къалэхэр нэмыцэ фашистхэм ящызыхъумэну япэу къэува ди зауэлIхэм. ЩIалэ хахуэм и нэгу щIэкIащ щысхьрабгъу лъэпкъ хэмылъу бийм ихъуреягъкIэ зэрызэтрикъутэр, цIыхухэр зэрызэтриукIэр. Сытым дежи щапхъэ хъурт офицер ныбжьыщIэр, сэлэтхэр ебгъэрыкIуэну иришажьэрт, япэ иту.

1942 гъэм и пэщIэдзэхэм Азэмэтым дзыхь къыхуащIащ жэуаплыныгъэ ин зыпылъ къалэныр: 44-нэ фочауэ бригадэм къащтагъащIэ сэлэтхэр абы хуигъэсэн хуейт зауэ хуэIухуэщIэхэм. Жэщмахуэ ямыIэу офицерхэм зауэлIхэр ягъэсэрт - фронтыр хуабжьу хуэныкъуэт Iэщэм хуэIэкIуэлъакIуэ, зэуэным хуэIэижь цIыхухэм. А къалэныр щIыхь пылъу игъэзэщIащ адыгэ щIалэм. Хэлъ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ, куэд дэмыкIыу абы къыхуагъэфэщауэ щытащ «лейтенант нэхъыжь» цIэр.

Зауэ гъуэгухэм Азэмэтыр ишащ щыпIэ куэдым. Свердлов областым щыIа нэужь, ар щызэуащ Белорус фронтым и Смоленскэ фочауэ дивизэм, батареем и командир къалэныр и пщэрылъу. Офицер хахуэм и унафэм щIэт гупыр щызэуащ щыналъэ зыбжанэм. Ар яхэтащ Смоленск, Гроднэ, Витебск, Великие Луки, Невель, нэгъуэщI къалэхэри бийм къыIэщIэзыхыжауэ щыта совет зауэлIхэм. Азэмэтыр щызауэ 10-нэ дзэр 1944 гъэм ягъэкIуащ 2-нэ Белорус фронтым. Пщызэбий и топгъауэхэр и гъусэу мыбдежми лIыгъэ хэлъу зыкъыщигъэлъэгъуащ. Абы IэкIуэлъакIуэу игъэзауэрт и батареер, нэмыцэ танкхэм Iэзэу мафIэ яридзу.

Эстонием нэсауэ, зауэ гуащIэхэр ирагъэкIуэкIыурэ ди дзэхэм абдеж бийм и фронтыр кIуэцIратхъат. «Зэхэуэ хьэлъэхэр щыщыIащ Идрицэ къалэм и IэшэлъашIэхэм, - игу къигъэкIыжырт Азэмэтым. - ЗэридгъэкIуэтым щхьэкIэ, дыгъужь губжьауэ къызэдзэкъэкIырт фашистхэр. ТекIуэныгъэм и мэ Iэфlыр къызыщIихьа дэри дебгъэрыкIуэрт, ди псэ демыблэжу». А щIыпIэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм ящыщ зым уIэгъэ хьэлъэ щыхъуащ Пщызэбий. Сэкъат ягъуэтат абы и бгъэгуми, и лъакъуэми, и Iэми. Мазэ бжыгъэкIэ зауэлIыр щIэлъащ сымаджэщ зыбжанэм, и узыншагъэр зэфIагъэувэжу. Дохутырхэм жаIэрт, Азэмэтыр афIэкIа зауэ IэнатIэм Iумыхьэжыфыну, арщхьэкIэ зи щIалэгъуэ, Iэпкълъэпкъ быдэ зиIэ бгырыс щIалэр текIуэфащ уз псоми. 1944 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэм ар зауэм Iухьэжащ, Белорус фронтым и фочауэ дивизэм и топгъауэ взводхэм ящыщ зым и унафэщIу. ЛIыгъэ хэлъу зауэ адыгэ щIалэр куэд дэмыкIыу капитан хъуащ. Къинэмыщlауэ, Лык къалэр ди дзэхэм къыщащтэм къигъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ, абы кърату Командующэ Нэхъыщхьэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъ.

Зауэшхуэм и иужьрей щIымахуэм Азэмэтыр щытащ топгъауэ дивизионым и штабым и унафэщIу, топгъауэ полкым и унафэщIым и къуэдзэу. А къулыкъухэр къызыхуэтыншэу, зэпэщу езыхьэкIа ди лъахэгъум иужькIэ дзыхь къыхуащIащ Невскэ Александр и цIэр зезыхьэ Мазурскэ полкым и топгъауэ дивизионым и унафэрищIыну. Абы щыгъуэми къикIуэтакъым бгырыс щIалэр. Дивизионым и унафэщIыр лIыгъэ хэлъу щызэуащ КъухьэпIэ къэралхэм, ахэр хуит къэзыщIыж дзэхэм яхэту. Апхуэдэу ар нэсащ бийм и хэщIапIэ дыдэм икIи ТекIуэныгъэ иным щыIущIащ Кенигсберг къалэм.

1945 гъэм и жэпуэгъуэ мазэрщ Азэмэтыр щалъхуа щыпIэм къыщыкIуэжар. ЗауэлI хахуэм и бгъэгум щылыдырт Вагъуэ Плъыжь ордену тIу, Хэку зауэшхуэ орденым и 2-нэ нагъыщэр, медаль зыбжанэ. Пщызэбий занщIэу Iуувэжащ зауэм Iэпсолъэпсоууэ къикIыжа псоми я зэхуэдэ IэнатIэм: бийм зэтрикъута цIыхубэ хозяйствэр зэфIэгъэувэжыным. И къару емыблэжу илъэс куэдкIэ хуэлэжьащ ар къэралым, къулыкъу зэхуэмыдэхэр зэрихьэу. Апхуэдэу Азэмэтыр щытащ Аруан исполкомым Iэщ гъэхъунымкIэ и къудамэм и унафэщIу, Ерокъуэ къуажэм щызэхэт колхозым и унафэщIу, КПСС-м и обкомым и мэкъумэш къудамэм и инструктору, «Къэбэрдей пэж» газетым и мэкъумэш къудамэм и унафэщIу, нэгъуэщI къалэнхэри зэрихьащ. Сыт хуэдэ лэжьыгъэ IэнатIэ пэрытами, Азэмэт Пщызэбий ар пэжу, жэуаплыныгъэр зыхищIэу ирихьэкIащ, ар зэрыригъэфIэкIуэным хущIэкъуу. Зауэм кърихауIэгъэхэр къэятэжурэ, куэдрэ гугъу ирагъэхьащ ветераныр. ИтIани, гуащIэдэкI лэжьыгъэм къыпэрыкIа нэужь, ар жыджэру хэтащ жылагъуэ Iуэхухэм, щIэблэр гъэсэнымкIэ щапхъэ хъууэ.

Илъэс 30-м нэсащ зауэлI хахуэ, лэжьакIуэ гумызагъэ Азэмэт Пщызэбий къызэрытхэмытыжрэ. Зи гъащIэ гъуэгур Iуэхушхуэхэм кIэ гъэнщIауэ, лIыгъэрэ хахуагъэкIэ къулейуэ езыхьэкIа Азэмэтым и фэеплъыр яхъумэ абы къыщIэна унагъуэм, благъэхэм, Iыхьлыхэм, зыцIыхуу щытахэм. Пщызэбий хуэдэхэм ирогушхуэ къызыхэкIа унагъуэри, ар зыщыщ адыгэ лъэпкъри.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Iуащхьэмахуэ куей

Фэеплъхэр ягъэув

Iуащхьэмахуэ джабэмрэ Донгуз-Орун щыгумрэ фэеплъ пхъэбгъухэр щагъэувынущ.

ХЭКУ зауэшхуэм и лъэхъэнэм Кавказым щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэр зэриухрэ илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу мы Iуэху щхьэпэр къыхалъхьащ щIалэгъуалэ жылагъуэ Iуэхухэмрэ цIыхубэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ Санкт-Петербург и щIалэгъуалэ хэкупсэ экспедицэмрэ Iуащхьэмахуэ куейм и щIыпIэ самоуправленэмкIэ Советымрэ.

КъызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ икIи мы Iуэхум ехьэлIа проектыр зыгъэхьэзыра Тлешов Сергей зэрыжиIамкIэ, я къалэн нэхъыщхьэр Кавказыр хуит къэщIыжыным зи гъащIэр щIэзытахэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрахьа лIыгъэмрэ яхэлъа бэшэчагъымрэ къалэлIыхъужь цIэр зезыхьэ Ленинград дэсхэм зэращымыгъупщар къегъэщIэнырщ. Проектым ипкъ иткIэ экспедицэм хэтхэм зэхуахьэсыжынущ Ленинград щыщу ди щIыпIэм щызэуахэм ятеухуа псори. Зауэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ а Iуэхум къыдэкIуэу Кавказым и къурш щхьэдэхыпIэхэм гранитым къыхэщIыкIа фэеплъхэр щагъэувынущ «Перевал воинской славы» тхыгъэр тету.

ШыщхьэIум и 7-м япэ фэеплъыр Iуащхьэмахуэ и Гара-Баши джабэм щагъэуващ. КъыкIэлъыкIуэ махуэм гупым хэтхэр Донгуз-Орун щхьэдэхыпIэмкIэ яунэтIащ. Мы щIыпIэр нэхъ зэхэуэ гуащIэ дыдэ щекIуэкIахэм ящыщщ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Гунэс ящохъу

●Гъэмахуэ-2012

Зы мазэ иримыкъущ цIыкIухэм къахуэнар гъэ еджэгъуэщIэм щIадзэжыным. Жэуаплыныгъэ зыпылъ а лъэхъэнэм дэтхэнэ ныбжьыщIэри ирихьэлIэжын хуейщ зигъэпсэхуауэ, и узыншагъэр иригъэфIэкIуауэ, къаруущIэ зригъэгъуэтауэ. А Iуэхугъуэхэм хуолажьэ ди республикэм щыIэ сабий зыгъэпсэхупIэхэр, санаторэхэр, гъэмахуэ лагерхэр.

ИЛЪЭС къэси хуэдэу, мы гъэми школакIуэ куэд иригъэблэгъащ «Кавказ» санаторэм. Гъэмахуэм къриубыдэу кIуэгъуиплI щызэблокI а сабий IуэхущIапIэм. Мы махуэхэм абы зыщагъэпсэху ещанэу къаштэ сабий гупышхуэм. Ахэр санаторэм щыIэнущ щыхьым и 29 пщIондэ. Ди республикэм и мызакъуэу, гъунэгъу щIыналъэхэм къикIа ныбжьыщIэхэр иджыпсту щохьэщIэ санаторэм. Ди щIыпIэм щыщ сабий 200-м я гъусэу «Кавказым» зыщагъэпсэху, я нэгу зыщрагъэужь Къалмыкъ, Къэрэшей-Шэрджэс, Шэшэн, Дагъыстэн республикэхэм, Астрахань щIыналъэм щыпсэу ныбжьыщIэу 700-м щIигъум. Махуэм и кIуэцIкIэ ерыскъы IэфIкIэ, къэуат зыщIэлъкIэ зыбжанэрэ зэрагъашхэм нэмыщI, сабийхэр къалащхьэм, республикэм и щыпIэ дахэхэм щIэх-щIэхыурэ яшэ, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ягъэджэгу, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, пшыхь гъэщIэгъуэнхэр къыхузэрагъэпэщ. Санаторэм зыщызыгъэпсэхухэм я нэгу зыщрагъэужьащ Шэджэм псыкъелъэхэм, зыщаплъыхьащ Гуэл ЩхъуантIэм и IэшэлъашIэм, щыIащ Гуащэ театрым. Сыт хуэдэ зэхыхьэ ирагъэкIуэкIами, нэхъыбэр адыгэ джэгу дахэкIэ яухыж сабийхэм.

НыбжьыщIэхэм я зэманыр купщIафIэу, къызыхуэтыншэу екIуэкIыным кIэлъоплъ санаторэм щыIэ гъэсакIуэхэр. Абыхэм я нэхъыбапIэр КъБКъУ-м и курс нэхъыжьхэм щIэс студентхэрщ. Апхуэдэу я лэжьыгъэм ягури я псэри етауэ пэрытщ Хьэгъэжей Аминэ, Пэж Оксанэ, Къумыкъу Марьянэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Абыхэм я фIыгъэщ зы сабий гулъытэншэу къызэрымынэр. ГъэсакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, щIыналъэ зырыз къикIами, лъэпкъ зэмыщхь къахэкIами, ныбжьыщIэхэр хъарзынэу зэгурыIуэ, санаторэм къыщекIуэкI Iуэхугъуэ псоми жыджэру хэтщ. Я махуэхэр нэгузыужьу, гукъинэжу щыт папщIэ, сабийхэм папщIэ апхуэдэу спорт утыкухэр. Абы щыщщ баскетбол, волейбол джэгупIэ зыбжанэ, футбол ущыджэгу хъу стадионитI, екIуу къищIыкIа зыгъэпскIыпIэхэр. Апхуэдэу санаторэм щыкIэлъоплъ сабийхэм я узыншагъэм. Абыхэм я зыгъэпсэхугъуэр шынагъуэншэу щытыныр я пщэрылъщ IуэхущIапIэм къепхауэ зи къалэнхэр зэфIэзыхых хабзэхъумэ лэжьакIуэхэм.

ЖыпIэнурамэ, къызыхуэтыншэу, купщIафIэу, щIэщыгъуэу йокIуэкI зэманыр. Ар зыжьэу жаIэ абы щыхьэщIэ цIыкIухэм.

- Сэ Къэбэрдей-Балъкъэрым япэу сыкъэкIуауэ аращи, фи щIыналъэр хуабжьу сигу ирохь, - жеIэ Карачаевск къалэм къикIа Боташевэ Аминэ. - «Кавказ» санаторэм и пэкIэ, сэ нэгъуэщI щIыпIэ зыбжанэм сыщыIащ, ауэ мы щIыналъэм хуэдэу дахэ, хьэуар щыкъабзэ зыщIыпIи сыщрихьэлIакъым. Си гугъэщ етIанэгъи мыбыкIэ зыщызгъэпсэхуну.

Апхуэдэу, ягури я псэри щагъэтIылъауэ, хуиту, къызэрыгъуэтыншэу сабийхэм зыщагъэпсэху «Кавказ» санаторэм.

БЭШОРЭ Маритэ.

Сурэт щIынымкIэ зэпеуэм щытекIуахэр.

Пщыхьэщхьэ джэгур яублащ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къэт

Iэщэр зэрыдригъэуеям къулыкъум пигъэкIащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэфIэува щытыкIэм гугъуум, абы и щIыналъэм щыIэ бандэ гупхэм иращIэкI бэнэныгъэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ IэнатIэм и унафэщIхэм къалэн ящещI зэгъэуIуарэ къикIуэт ямыщIэу, я IэщIагъэм хуэIэижьу, лIыгъэ ягъэлъагъуэу къалэныр ирахьэкIыныр. ЩытыкIэм къегъэув къулыкъу дисциплинэм ткIийуэ тетыныр, къалэным щыпэрымыт зэманми зыIыгъыкIэ тэмэм яхэлъыныр.

КЪЭРАЛ кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергей КъБР-мкIэ МВД-м я щхьэ шынагъуэншагъэмкIэ IэнатIэм и къэлъыхъуакIуэ частым къалэн щищIащ, конвой къулыкъум и хъумакIуэ полицэм и прапорщикыр лэжьапIэм зэрыIуагъэкIыжымкIэ дэфтэрхэр игъэхьэзырыну. Ар крикIуащ бадзэуэгъуэм и 31-м «Ашэмэз» рестораным къыщыфэу абы и табель Iэщэр тхуэнейрэ зэрыдригъэуеям.

Лей зытехьа щыIэкъым. ЗэраубзыхуамкIэ, прапорщикыр чэфу щытащ.

КъищынэмыщIауэ, конвой къулыкъум и унафэщIыр и IэнатIэм IугъэкIыным, полицэм и лэжьакIуэу щытар къыщаштэм дэзыIыгъа къулыкъущIэхэр дисциплинэ жэуаплыныгъэм ирашэлIэнымкIэ Iуэхум хоплъэ.

Гу зылъытапхъэхэр яубзыху

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Залиханов Къанщобий иригъэкIуэкIащ министерствэм статистикэмкIэ зэпымыууэ лажьэ и комиссэм и зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-мкIэ МВД-м и IэнатIэхэм я унафэщIхэр.

ЗАЛИХАНОВЫМ къигъэлъэгъуащ учет-регистрацэ дисциплинэр гъэбыдэныр, цIыхухэм я лъэIухэмрэ зыкъызэрыхуагъазэмкIэ лэжьыгъэр КъБР-мкIэ МВД-м и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу зэрыщытыр. А щытыкIэр зыхуэдэм нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъыныр зэрыщIагъэхуэбжьам и фIыгъэкIэ къэхъукъащIэхэмрэ щIэпхъаджагъэхэмрэ теухуауэ къаIэрыхьэ хъыбархэр нэхъыбэ хъуащ.

Къапэщыт къалэн нэхъыщхьэхэри щагъэIуащ зэIущIэм. Абыхэм ящыщщ республикэ прокуратурэм щIыгъуу къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ щIыналъэ IэнатIэхэм щIэпхъаджагъэхэр щIахъумэу щамытхыныр, ипэкIэ ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм япкъ иткIэ уголовнэ Iуэху къэIэтыныныр, абыкIэ тегъэщIапIэ гуэри ямыIэу, уэим ящIыныр къыщIэгъэщыныр; щIыпIэ администрацэхэм мазэ къэс къуажэдэсхэм драгъэкIуэкI зэхыхьэхэм комиссэм щыщхэр хэтыныр къызэгъэпэщыныр, абы щыгъуэми зэрырагъэблагъэ щIыкIэм, зыкъызэрыхуагъазэ лъэIухэр, къэхъуахэм ятеухуа е нэгъуэщI хъыбару къаIэрыхьэхэр зэратхым гулъытэ щхьэхуэ хуэщIыныр.

Учет-регистарцэ дисциплинэм теухуауэ къыщIагъэща ныкъусаныгъэхэм теухуа, абыкIэ къуаншэ лэжьакIуэхэмрэ унафэщIхэмрэ дисциплинэ жэуапым ешэлIэнымкIэ къулыкъу къэпщытэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыну Урысей МВД-м и щIыналъэ къудамэхэм я унафэщIхэм къалэн щащIащ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хъыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и IэнатIэ.

● Ди псэлъэгъухэр

Зи Iуэху еплъыкIэр утыкум къыщызыIуэтэф

журналист, публицист цIэрыIуэ Мэшыкъуэ Тэзэл

Мэшыкъуэ Тэзэл Инал и къуэм Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетыр 1966 гъэм, абы и аспирантурэр 1973 гъэм къиухащ. Тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидатщ. 1975-1979 гъэхэм ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Министрхэм я Советым и аппаратым, 1979 - 1991 гъэхэм КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым щылэжьащ. 1991 - 1998 гъэхэм «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу, 1998 - 2002 гъэхэм КъБР-м печатымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министрым и къуэдзэу щытащ, 2003 - 2008 гъэхэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьу щыIащ, 2008 - 2010 гъэхэм «Эль-Фа» тхылъ тедзапIэм и редактор нэхъыщхьэу лэжьащ. Мы зэманым Мэшыкъуэр литературэ-публицистикэ Iуэхум жыджэру хэтщ. Тэзэл журналистхэм я республикэ, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм я лауреатщ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, Адыгэ Республикэм, КъШР-м щIыхь зиIэ я журналистщ, ТворчествэмкIэ дунейпсо академием и академикщ, УФ-м и хэгъуэгухэм къыщыдэкI газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэм я Клубым хэтщ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ «Мерило всех ценностей», «Злободневное и вечное» тхылъхэр.

Публицист, щIэныгъэлI цIэрыIуэм и ныбжьыр илъэс 70 щрикъум ирихьэлIэу ди хьэщIэщым къедгъэблагъэри, упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

- Тэзэл, Хэку зауэшхуэм, абы и ужь лъэхъэнэм зи сабиигъуэр хиубыдахэм, а зэманым и гугъуехь псори зыгъэвахэм уащыщщ уэ…

- Пэжщ, зэман хьэлъэт икIи гугъут ар. Тшхын, щыттIэгъэн тэмэму дгъуэтыртэкъым. Ди адэри ди анэри колхозым щылажьэрт. Илъэс псом я гугъуехьыпщIэр гъэм и кIэм деж гъавэ е ахъшэ тIэкIуу къратыжу арат. Езыхэр нэху мыщу губгъуэм дэкIырт, дэри, сабийхэр, дыздыдахырти, вагъэмбэкъум дыдагъэтIысхьэрт, сэхуран е нартыху пхъафэ, къытIэрыхьэм елъытауэ, щытшхаи къэхъуащ, шэч хэмылъу. Мис апхуэдэу дыкъэхъуащ.

А зэманым нэхъ сфIэгъэщIэгъуэн хъуауэ сигу къинэжар сыт жыпIэмэ, махуэ псом хьэлIамэпсым фIэкIа шхыныгъуэ зимыIа цIыхухъуи цIыхубзи зыщIегъэх ямыIэу лажьэрт, уеблэмэ пщыхьэщхьэкIэри къахуемыхыжу мазэгъуэ жэщым губгъуэм итт, IэкIэ нартыхур къыдачыжу, гуэдзыр ягъэлъалъэу. Сыт хуэдэу зэманыр гугъуу щымытами, цIыхухэм я гур зэIухат, псэ къабзэхэт, фIым хуэплъэу, къэкIуэну дахэ зэраIэнур хьэкъ ящыхъуауэ псэурт. Абы щыгъуэм кузбжэ гъэбыдаи бжыхь къещIэкIаи щыIакъым, цIыхухэр нэхъ зэкIэлъыкIуэрт, сощIэж, зы джэд цIыкIу яукIамэ, Iэмал имыIэу гъунэгъу Iыхьэ абы хагъэкIырт. Иджы сыт тлъагъур? ЦIыхухэр куэдкIэ нэхъ фэ Iув хъуащ, гъущI сэрейхэмкIэ я щIапIэхэр кърагъэбыдэкIри, гъущI кузбжэ лъагэхэр халъхьэж. ЦIыхухэм я хьэл-щэным, дуней тетыкIэм зихъуэжащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, фIы и лъэныкъуэкIэкъым. ЦIыхугъэм, хабзэм, нэмысым я пIэр мылъкум иубыдащ. Абы теухуа зы щапхъэ къэсхьынщ. «Аргументы и факты» газетым и зы къыдэкIыгъуэ къэзмыгъанэу соджэ сэ. Абы щолажьэ МКъУ-м къыщыздеджа Костиков Вячеслав икIи газетым и напэкIуэцIхэм щIэх-щIэхыурэ утыку къыщрехьэ Урысейм щыIэ политикэр зыхуэдэм теухуа псалъэмакъ, цIыху зэхуэмыдэхэм я Iуэху еплъыкIэхэр къыщагъэлъагъуэу. Нэхъыбэм жаIэ Урысейм лъэпкъ политикэ щымыIэу. «Дауэ лъэпкъ политикэ дызэримыIэр? - щыжеIэ тхыгъэм цIыху цIэрыIуэ гуэрым. - ДиIэщ. Ар зыхуэдэр, абы и мыхьэнэр къыпхуогъэлъагъуэ зы псалъэкIэ - АХЪШЭ!» Мис абы дыхуэкIуащ, мылъкурщ нобэрей зэманым щытепщэр.

- Цlыхум гъащIэм щиубыдыну увыпIэр куэдкIэ елъытащ ар къыщыхъуа унагъуэм илъ зэхущытыкIэхэм, абы щигъуэта гъэсэныгъэр зыхуэдэм. Шэч хэлъкъым дэтхэнэ зыри щIэх-щIэхыурэ и гукъэкIыжхэм и сабиигъуэр щекIуэкIа жьэгу пащхьэм зэрыдашэжым. Тэзэл, сыт хуэдэт уэ укъыщыхъуа унагъуэр?

- Дэ дыкъэхъуащ адэ-анэм я дуней тетыкIэр ди щапхъэу, езыхэми я бынхэм цIыху нэс къыхащIыкIынымкIэ я гуащIэ еблэжакъым. Зэкъуэшитху дыхъурти, псоми щIэныгъэ дагъэгъуэтащ, 4-м къэдухащ Москва и еджапIэ нэхъыфI дыдэхэр. Дызыхуеджэр тэмэму къагурымыIуэми, зэи а Iуэхур къытпаубыдакъым, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэрызэдгъэгъуэтар гуапэ зэращыхъуар зыхэтщIэрт. Ди дипломхэр щедгъэлъагъум, абыхэм я нэгум итлъэгъуа гушхуэныгъэр куэд и уасэт. Москва дэт къэрал университетыр къэзухри, зэман гуэр дэкIауэ, унагъуи сыхъужауэ си адэр къызэупщIащ: «Уа, иджыри адэкIэ уи щIэныгъэм щыхэбгъэхъуэн щыIэ?», - жиIэри. «ЩыIэщ, къэзуха университетым згъэзэжу, абы и аспирантурэм иджыри илъэсищкIэ сыщеджэ хъунущ», - жесIащ абы. «КхъыIэ-тIэ, щIэтIысхьи еджэ, улэжьэну сытым дежи пхущIыхьэнщ», - къызэлъэIуат ар. Абы иужькIэ аспирантурэм сыщIэтIысхьэжри, ар къэзухыжауэ щытащ.

Гъэсэныгъэм и гугъу пщIымэ, абы и Iуэхур куэдкIэ нэхъ ткIийт япэм. Адэанэм я унафэр тIэужыIэ тщIын дэнэ къэна, абыхэм дапэпсэлъэжыныр, я псалъэм шэч къытетхьэныр ди акъылым къихьэххэртэкъым. Я къыдэплъыкIэ къудеймкIэ зыхуейр къыдгурыIуэу апхуэдэт. Иджыпсту сыт тлъагъур? Псом япэрауэ нэхъ узыгъэгузавэр адыгагъэр, цIыхугъэр, нэхъыжь-нэхъыщIэ, цIыхухъу-цIыхубз зэхущытыкIэхэр зэрытфIэкIуэдырщ. Си щхьэкIэ мис ар Iейуэ сигу къоуэ. Абы и лъэныкъуэкIэ куэдкIэ и зэран къыдокI нобэрей телевиденэм и канал щхьэхуэхэмрэ интернетымрэ. Быным жэщи-махуи уаригъусэфынукъым, уэ зым хубоущий, модэкIэ телевиденэмрэ интернетымрэ абыхэм я гъащIэм увыпIэшхуэ щиубыд хъуащи, абыхэм щалъагъум я зэхэщIыкIым зрегъэхъуэж. Жылагъуэм социальнэ зэхуэмыдэныгъэ зэрыщыIэм сыт хуэдиз зэраныгъэ къиишэр. Псалъэм папщIэ, зыр, зэрыжаIэу, игъащIэ лъандэрэ мэлажьэ, итIани и псэукIэр тэмэму хузэтеублэркъым, адрейр гугъу емыхьыщэми, и унэр уардэщ, и лъапсэр лъагэу къэщIыхьащ, хамэ къэрал щащIа машинэр и пщIантIэм дэтщ. Мис апхуэдэ зэхуэмыдэныгъэр зылъагъу щIэблэм я щхьэм щызэблэу гупсысэм и нэхъыбэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, щIагъуэкъым.

Сэ газет куэд соджэ, телевиденэм къат хъыбарыщIэхэм сытым дежи сыкIэлъоплъ. Гу зылъыстаращи, нобэ ди деж щытепщэ социальнэ зэхуэмыдэныгъэм хуэдэ здэщыIэ нэгъуэщI зы къэрали бгъуэтынукъым. Пэжщ, къулеи къулейсызи здэщымыIэ щыIэкъым, ауэ апхуэдиз зэщхьэщыкIыныгъэ абыхэм яку дэлъкъым. Социальнэ захуагъэ здэщымыIэ къэралым и Iуэхур зэи зэтес хъунукъым. Сыт нобэ цIыхухэм апхуэдиз пэкIухэр щIрагъэкIуэкIыр? Абыхэм ящIэн ямыгъуэту уэрамым къыдыхьэу аракъым, атIэ къэралым щыIэ псэукIэмкIэ зэрымыарэзымкIэ апхуэдэ щIыкIэкIэ гу зылърагъэтэну араш.

- Тэзэл, журналист IэщIагъэр къыхэпхыным сыт къеэжьапIэ хуэхъуар?

- СыцIыкIуу газет еджэн щIэздзащ. Абы къытехуэ тхыгъэхэм зи унэцIэ щIэтхэм сехъуапсэрт. Абыхэм хуэдэу сэри зыгуэрхэр стхамэ, цIыхухэм сыкъащIэнт, жысIэу сегупсысырт. Нэхъ балигъ сыхъури, мо сызэджэм теухуауэ сэ езым си Iуэху еплъыкIэ сиIэж хъуащ икIи абыкIэ цIыхухэм сазэрыдэгуэшэным, нэгъуэщI си гупсысэхэри утыку къызэрисхьэным сыхущIэкъу хъуащ. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, 6-7-нэ классхэм сыщIэсу си тхыгъэхэр, си усэхэр район газетым къытрадзэу хуежьащ. Абы щыгъуэм мыпхуэдэ зы щIэщхъуи къысщыщIат. Физкультурэм дыхуезыгъасэр тэмэму зэрымылажьэм теухуа тхыгъэ цIыкIу район газетым къытрезгъэдзат. Щылажьэ пэшым махуэ гуэрым сыщIишэри Iейуэ къызэшхыдат ар икIи сиубэрэжьат, ауэ а Iуэхугъуэми сIэщIиудакъым тхэным хуэсщIа гупыжыр.

А Iуэхум нэхъри сытригъэгушхуащ си анэ шыпхъум и къуэ, тхакIуэ Къущхьэ СултIан. Адыгэхэм ящыщу япэу аращ къэзыухар Горькэм и цIэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтыр. ИкъукIэ цIыху гъэщIэгъуэнт икIи зэчий лъагэ зыбгъэдэлът ар. СултIан Сэрмакъ къуажэ щыпсэурт, сэ си зыгъэпсэхугъуэхэр абыхэ я деж щызгъакIуэрти, стIолым бгъэдэсу тхэуэ щыслъагъукIэ сехъуапсэрт. Абы жесIат тхэным пыщIа IэщIагъэ гуэр къыхэсхыну сызэримурадыр. Апхуэдэу абыи сечэнджэщри, Литературэ институтым е МКъУ-м журналистикэмкIэ и факультетым сыщIэтIысхьэну мурад сщIащ. АрщхьэкIэ абыхэм укъащтэн щхьэкIэ илъэситIкIэ улэжьауэ щытын хуейт. Сыт сщIэнт, къэнэжрати, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие къудамэм сыщIэтIысхьащ. Абы илъэситI хуэдэкIэ сыщеджауэ, МКъУ-м и профессоритI лекцэ къеджэну ди университетым къэкIуауэ, абыхэм срагъэцIыхуащ, си тхыгъэхэм зыщагъэгъуэзащ. Абыхэм си тхыгъэр къыздащтэщ, сэри сакIэлъыкIуэну къызжаIэри, ягъэзэжащ. КъэпщытакIуэ гупыр си тхыгъэм еджащ, си оценкэхэмкIи сыкъикIырти, сызыщIэхъуэпса еджапIэм гугъу сыдемыхьу сыщIэтIысхьащ.

МКъУ-р сэ фIыкIэ сигу къинащ. Си дежкIэ а унэшхуэр нэгъуэщI къэрал хуэдэщ. Студентыр зыхуей псори къыщигъуэтынущ абы къыщIэмыкIыу, сыткIи къызэгъэпэщащ. Уеджэнумэ, тыншыгъуэ псори уиIэщ. Дезыгъаджэхэрати, зыпэрыт Iуэхум фIы дыдэу хэзыщIыкI, къэухьышхуэ зиIэ щIэныгъэлI щэджащэхэт. Къэралым ис журналист цIэрыIуэхэр махуэ къэс лекцэ къытхуеджэрт, абы нэмыщI ахэр щылажьэ газетхэм, журналхэм я редакцэхэм, телевиденэм пIалъэкIэ лэжьыгъэм дыщыхагъэгъуэзэрт.

- Къэралышхуэм и щыхьэрым фIыуэ пэжыжьэ къуажэ цIыкIум къыщыхъуа щIалэм къалэшхуэр дауэ къыпщыхъуат, уи зыгъэпсэхугъуэ зэманыр дауэ бгъакIуэрэт?

- Къалэшхуэм сыдихьэхат, си зыгъэпсэхугъуэри щхьэпагъ гуэр пылъу зэрызэгъэкIуэным сытым дежи сыхущIэкъурт, сызэштэкъым. Нэхъ пэжу жыпIэнумэ, дызэрыгъэзэштэкъым. Ди къуажэ школым а зэманым щIэныгъэфI къыщIэтхащ дэ, абы и щыхьэтщ зы илъэс е тIу нэхъ ди мызэхуакуу ар къэзыуха щIалэ 15-м нэблагъэ Москва и еджапIэ нэхъыщхьэхэм дызэрыщIэтIысхьэфар. Мис а гупыр тхьэмахуэ къэс зэ дызэхуэзэрти футболым, театрым, музейм дыкIуэрт. Сэ гъуазджэр фIыуэ солъагъу, а зэманым Москваи Ленингради сыздэщымыIауэ зы музей къэзгъэнакъым.

- Москва дэт къэрал университетыр къэбухыу къэбгъэзэжа иужь, уи лэжьыгъэр дэнэ къыщыщIэбдзар?

- Университетыр къыщыдухам, цIыхуи 5-6 дыхъуу, абы и аспирантурэм дыщIагъэтIысхьэжыну дыкъагъэнат. АрщхьэкIэ сэ «батэр згъэшыну» жысIэри, сакъыфIэкIуэжащ. «Советская молодежь» газетым корреспонденту сыуври, мазэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу дзэм къулыкъу щысщIэну сраджащ. Мис абы щыгъуэм си щыуагъэр къызгурыIуэжащ. Мо сэлэт къомыр зэрышха хьэкъущыкъур стхьэщIыжу, жэщкIэрэ къэрэгъулу сыздэщытым сегупсыст: «Уа, сыту ахьмакъыу сыкъыщIэкIа. Зыкъисхыу сыхуэпауэ, сызыхуейр згъуэту а еджапIэм сыщIэмысу мыбы щхьэ сыкъэкIуат», - жысIэурэ. Армэ нэужьым газетым сыувыжащ, илъэситI нэблагъэкIэ сыщылэжьауэ, МКъУ-м и аспирантурэм сыщIэтIысхьэжащ. Къэзухыу къэзгъэзэжа иужь, Къэралтелерадио Iуэхущlапlэм редактору сагъэкIуащ. Абы илъэситIкIэ сыщылэжьауэ, редактор нэхъыжьу сыщыIэу КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и Унафэщl Къущхьэ КIыщыкъуэ къызэджэри, зыкъомрэ дызэпсэлъылIа иужь, я деж сыщылэжьэну сыкъищтащ. ИлъэситхукIэ абы сыщыIауэ, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым сагъэкIуащ, а партым къэрал унафэр IэщIэлъыныр иухыху абы сыщыIащ. Партыр щакъутэжым, уэрамым сыкъыдэнащ. Мазэ зыбжанэкIэ лэжьапIэншу сыщысащ. Махуэ гуэрым КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщI Къэрмокъуэ Хьэчим сэрэ дызэхуэзауэ си лэжьыгъэ Iуэхур зыIутым къыщыщIэупщIэм, «Кабардино-Балкарская правда» газетыр пхуегъэфIэкIуэну къызэрысщыхъур икIи абы редактор нэхъыщхьэу сыкIуэнт жысIат. ПIалъэ къыхамыгъэкIыу а газетым редактор нэхъыщхьэу сагъэуващ. СызыIута IэнатIэхэм ящыщу псом нэхърэ нэхъ къулыкъушхуэу есхьэкIауэ къэслъытэр аращ. Лъэхъэнэ хьэлъэт ар, си дежкIэ зэман гугъут. ЦIыхухэм пэкIу ящIу зэхуэсамэ, си цIэр абдеж IейкIэ къыщрамыIуэу зэхэкIыжтэкъым. Зэи абыхэм сапэщIэувэу сепсэлъэжакъым, а Iуэхум зыри къызэримыкIынур къызгурыIуэрти. Къэрмокъуэ Хьэчим и къулыкъум пэрытыху сытыншащ. Дызыхуейр утыку къитхьэну, газетым теддзэну дыхуитт. «Сэ республикэм и унафэщIу сыщыщытIкIэ, абы и цIыхухэм я Iуэху еплъыкIэр сщIэн хуейщ, ар сигу ирихьми иримыхьми емылъытауэ. Абы къыхэкIыу, цIыхухэр зыхуейр къыщаIуэтэфу щытын хуейщ газетыр», - къызжиIат Къэрмокъуэм. Апхуэдэу екIуэкIащ властыр зэрахъуэкIыху, итIанэ псори унафэщIым и гупсысэкIэм дытехуэн хуейуэ къытхуагъэуващ…

- Тэзэл, журналист IэщIагъэм Iэмал къует цIыху гъэщIэгъуэн куэд къэпцIыхуну, абыхэм уапещIэ, апхуэдэуи къалэн къыщещI нэIуасэ пхуэхъуахэм я гъащIэм и къекIуэкIыкIам щыгъуазэ зыпщIыну. Апхуэдэу уэ узыхуэзахэм ящыщу нэхъ уигу къинэжахэм я гугъу къытхуэпщIамэ арат.

- Цlыху тельыджэ куэдым сайщащ сэ. Псоми я цIэр къытхуебжэкIынкъым, ауэ нэхъ сигу къыдыхьахэм ящыщ зыбжанэм я цIэ къисIуэнщ. КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Къэшэж Иннэ сымэ куэдрэ сахуэзэрт. Апхуэдэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ Совет Союзым и ЛIыхъужь, УФ-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэу, Совет Нэхъыщхьэм и депутату щыта Батицкий Павел. И унагъуэ куэдрэ сихьащ, хъыбар тельыджэ куэди къыщысщIащ абы и деж. ФIыкIэ сигу къинэжахэм, си гукъэкIыжхэм куэдрэ къыхыхьэхэм ящыщщ Азербайджаным я президенту щыта Алиев Гейдар. ЦIыху дахэт, губзыгъэт икIи гъэщIэгъуэнт, гуапагъэ, хуабагъэ гуэр къыпкърыкIыу апхуэдэт ар. КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару щыта Мэлбахъуэ Тимборэ зэзгъэщIэхын, абы хуэзгъэдэн нобэ къызэдэсым срихьэлIакъым. Илъэси 100-м зэ лъэпкъым къыхэхъуэу аращ апхуэдэ цIыху щэджащэ. Гуапэу сигу къинэжащ КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и Унафэщу щыта Дохъушокъуэ Мусэ. Абыхэм дэтхэнэми езым я Iуэху еплъыкIэ щхьэхуэ яIэжу, я гупсысэр кууу, адыгагъэ, цIыхугъэ нэс яхэлъу апхуэдэхэт.

- Журналист IэщIагъэр къыхэзых ныбжьыщIэхэм сыт хуэдэ чэнджэщ епытынт?

- Ди республикэм икIауэ сэ си ужькIэ цIыху зыбжанэм къауха МКъУ-м и журналистикэ факультетыр. Абыхэм ящыщу журналистикэм зезытар мащIэщ. Ар къызыхэкIар а IэщIагъэм пщIэшхуэ имыIэу, къыпэкIуэ улахуэри мащIэу зэрыщытырт. Гугъуу, жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъщ журналист IэщIагъэр. Псом япэрауэ, ар къыхэзыхым ищIэн хуейщ итх, жиIэ дэтхэнэ зы псалъэмкIи жэуап зэрихьыр, абы къищынэмыщIауэ, дунейм щекIуэкIым фIыуэ щыгъуазэу, жэщи махуи и щIэныгъэм, и къэухьым зэрыхигъэхъуэным хущIэкъупхъэщ. ФIы дыдэт а IэщIагъэм щыхуагъасэ еджапIэ тэмэм къыхэухамэ. Гъуазджэхэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ щыхурагъаджэу ди университетым къыщызэIуаха факультетым мыхьэнэшхуэ иIэу схужыIэнукъым, пIалъэ гуэркIэ къакIуэурэ студентхэм ядэлажьэ профессорхэм студентхэм щIэныгъэ тэмэм бгъэдалъхьэфынукъым. Апхуэдэу хъумэ, дэ диIэщ а студентхэр а IэщIагъэм хуезыгъэджэфыну журналист лъэщхэр.

- Тэзэл, илъэс 70-р ар гъащIэм ифIри и Iейри зыхуэдэр нэсу къыщыбгурыIуэ, сыт хуэдэ Iуэхуми езым уи еплъыкIэ хуэиIэжу, абы хэкIыпIэ тэмэм къыхуэбгъуэтыфу ущыхъу лъэхъэнэу си гугъэщ. ГъащIэ гъуэгуанэм уриплъэжмэ, сыткIэ укъыдэгуэшэнт?

- А илъэс 70 жыхуэпIэр зы махуэ гъащIэу фIэкI къэслъытэркъым. А ныбжьым сынэсами, балигъ сыхъуауэ къысщыхъужыркъым. Илъэс 70-р зищIысыр къызгуроIуэ, ауэ сэ а ныбжьым и хьэлъагъыр зыхэсщIэркъым. Сыт гъащIэм щынэхъыщхьэр жыпIэмэ, уи цIыхугъэр пфIэмыкIуэду, уи напэм ухуэпэжу укъэнэжыфын хуейщ. ЦIыхур къулыкъум зэигъэхъэу, зэрыс шэнтжьейм и нэр къыщипхъуэу жаIэ. Абы и щапхъэ куэд гъащIэми дыщрихьэлIащ. Шэнтжьейм цIыхум и акъылым хигъахъуэркъым, ар зылъысым насып иIэмэ, абы кърит зэфIэкIыр цIыхухэм яфI зэрихуэу къызэригъэсэбэпыным хущIэкъунщ. Сэ сыкъапщтэмэ, сыхущIэкъуащ къулыкъум. Сыт щхьэкIэ? Си щIэныгъэмрэ лэжьыгъэ и пIалъэ къэсщIамрэ нэсу къэзгъэсэбэпын, цIыхухэм сахуэщхьэпэн папщIэт сэ къулыкъущIэ шэнтжьейм сыщIыхуеIэр. Пэж дыдэу, а шэнтжьейм къует апхуэдэ Iэмал икIи ар сэ сызыщIэхъуэпса и лъэныкъуэкIэ къысхуэгъэсэбэпауэ къысщохъу. Сэ зэи зыри стхакъым зыгуэрым и гупсысэкIэм зытезгъэхуэну сыхущIэкъуу, сытым дежи си Iуэху еплъыкIэр утыку къызэрисхьэным сыхущIэкъуащ. Птхыну узыхуейр, уи гупсысэр къэпIуэтэн и пэ, ар нэгъуэщIхэм къазэрыщыхъунур зэпэплъытмэ, уэ ужурналисткъым икIи утхакIуэкъым. Пэжщ, абы къикIыркъым уи щхьэ къихьэ псор птхы хъуну, утыку къипхьа псалъэмкIэ сытым дежи жэуап пхуэтыжыфу ущытын хуейщ.

- Гупсэхугъуэ щыбгъуэт, Iуэхугъуэщ1эхэм утезыгъэгушхуэу уи щIыб къыдэт уи унагъуэм и гугъу къытхуэпщIамэ, ди гуапэт.

- Москва сыщыщыIэм, мыбыкIэ никIа студентхэмрэ аспирантхэмрэ щэкIуэгъуэм и 7-м дызэхуэсырт. 1965 гъэм апхуэдэ зэхыхьэ сыщыIэу, хъыджэбзитI нытхыхьащ балъкъэрыбзэкIэ псалъэу. КъызэрыщIэкIамкIэ, а махуэм балъкъэр щIалэгъуалэри зэхуэсырт, мо тIум зэхагъэзэрыхьри, ди деж къэкIуат. ЗдэкIуэну я мурадар къалъыхъуэжу къалэм дэмытын щхьэкIэ, а пщыхьэщхьэр абыхэм ягъэкIуащ ди гъусэу. А хъыджэбзитIым я зыр, артист цIэрыIуэ Кучуков Магомет ипхъу Людмилэ, иужькIэ сэ щхьэгъусэ схуэхъуащ. Мис апхуэдэу дызэрихьэлIауэ щытат. Ар абы щыгъуэм Москва щэнхабзэмкIэ институтым щеджэрт. Хъыджэбзит1 диIэти, нэхъыжьыр, ФатIимэ дунейм ехыжащ. Абы бынитI къыщIэнащ: и пщащэ Джульеттэ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым щоджэ, и къуэ Алим еджакIуэщ. Хъыджэбз нэхъыщIэ Оксанэ Созаевхэ я нысэщ, абыи бынитI иIэщ: Ислъам мы гъэм школым кIуэнущ, Каринэ нэхъыщIэщ.

- Тэзэл, усэ зэрыптхым куэд щыгъуазэкъым. Абы и щхьэусыгъуэри, дауи, ахэр утыку къызэрумыхьэрщ.

- Хэт зи щIалэгъуэм усэ зымытхар?! Сэри 6-7-нэ классхэм сыщIэсу усэ тхын щIэздзащ. УсакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм сыкъеджэурэ, хуэм-хуэмурэ сэри а Iуэхум хэша сыхъуащ. Псом хуэмыдэу сыдехьэх Некрасов Николай и творчествэм, фIыуэ солъагъу Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Есенин Сергей сымэ я усэхэр. Илъэс куэдкIэ узэIэбэкIыжмэ газетым къытрадза усэхэри сиIэщ. Ди къэралыр Германием зэрытекIуэрэ илъэс 20 щрикъум ирихьэлIэу адыгэбзэкIэ усэ стхат, ар БжэныкIэ Мухьэб урысыбзэкIэ зэридзэкIат. «Советская Россия» газетым лэжьыгъэм и пIалъэ зыщыхэзгъэгъуэзэну сагъэкIуауэ сыщыIэу, а махуэшхуэм теухуа усэ къалъыхъуэрт. Сэ апхуэдэ усэ сызэриIэр щажесIэм, ар сIахри къытрадзауэ щытащ. ИужькIэ нэгъуэщIхэри университетым къыщыдэкI газетми тездзауэ щытащ. Си усэхэр утыку къихьэн куэд щIауэ щызгъэтащ. Абы и щхьэусыгъуэри зи творчествэм сыдихьэх усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм елъытауэ, сэ стхыхэр куэдкIэ нэхъ мыхьэнэншэу къызэрысщыхъужырщ. Ауэ усэ фIыуэ зылъагъур, зэгуэр а бзэр зыгъэшэрыуэу щытар игъащIэ псокIэ Усыгъэм и гъэру къонэж. Абы хузэфIэкIынукъым мытхэн. Утыку кърихьэми, гум къиIукI сатырхэр абы сытым дежи тхылъымпIэм «дигуэшынущ».

Епсэлъар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Щауэ Ф. и фэеплъу

Дзэм къулыкъу щищIэу. *Ташкент, 1967 гъэ*

Кулиев Къайсын и гъусэу. *1977 гъэ*

Къэрмокъуэ Хьэчимрэ Тэзэлрэ сытым дежи зэжраIэн яIэщ.

КъБР-м и Президент КIуэкIуэ Валерий Мэшыкъуэ Тэзэл егъэлъапIэ. *1997 гъэ*

МКъУ-м къыщыдеджа «Аргументы и факты» газетым и лэжьакIуэ Костиков Вячеславрэ Тэзэлрэ я зэныбжьэгъугъэр быдэщ.

Сщыгъупщэнкъым бжыхьэ жэщу
Нэм щIэIэбэр щумылъагъур,
Гъуэгугъэлъагъуэу вагъуэ джэшхэр,
Балъкъ и Iуфэм иIэ лъагъуэр.
Япэ дыдэу мис а лъагъуэрщ
Дэ лъэбакъуэ щыздэтчар.
«Мис мыбыкIэщ», - сыбгъэлъагъуу
Фи деж лъагъуэ щыхэсшар.
…ЖыдмыIэфми ди гурылъхэр,
Пуми дигухэр къэхуэбат.
ТIэпыхуащ абдеж ди тхылъхэр…
О, щIалэгъуэ! Япэ ба!..

* * *

Махуэ хуабэм псы пхуэлIамэ,
Псэм фIэIэфIщ псынэпсыр,
Фалъэм изу къэпIэтамэ,
Iэпкълъэпкъ псом лъоIэсыр.
Сыхуейт сэ псынэпс къабзэу
ЦIыхубэм я гум сынэсын,
Псынэпс фалъэм ещхьыркъабзэу,
Бэм я щытхъуи кыслъысын.

● Хъуэхъу телеграммэ

Пэжыр зи гъуазэ

ПщIэ зыхуэтщI, Тэзэл Инал и къуэ! Дигуми ди псэми къабгъэдэкIыу уи махуэ лъапIэмкIэ - уи ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъумкIэ - дынохъуэхъу. ЦIыхугъэ лъагэ зыхэлъ, Iэзагъышхуэ зыбгъэдэлъ цIыху гъуэзэджэу узэрыщытым къыдэкIуэу, сыт хуэдэ ІуэхумкIи жэуаплыныгъэр зыхэпщIэу, пэжыр уи гъуазэу, хэкупсэ нэсу укъогъуэгурыкIуэ, сытым деж ухущIокъу жылагъуэми къэралми уи сэбэпынагъ гуэр зэребгъэкIынум.

Уи щхьэкIи уи унагъуэкIи дынохъуэхъу узыншагъэ быдэ, насып, ехъулIэныгъэ фиIэну, Хэкум и ефIэкIуэныгъэм хуэгъэпсауэ уи творческэ мурадхэр гъэзэщIа хъуну!

Адыгэ Республикэм и УнафэщI ТхьэкIушынэ Аслъэнджэрий.



Темыркъан Юрэ и гъусэу.

МэкIэтIей Абдулыхьэрэ Тэзэлрэ.

Тэзэлрэ и щхьэгъусэ Людмилэрэ. *Москва, 1972 гъэ*

Ди гъуащхьэтетымрэ гъуащхьэхьэмэхэмрэ щызэгурымыІуэ куэдрэ къэхьурт.

Щоджэным и зэфІэкІхэр къызэкъуех

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Урал» (Свердлов область) - 3:2 (2:0). Налшык. «Спартак» стадион. Щыщхьэ-Іум и 6-м. Цыху 2500-рэ еплъыр.

Судьяхэр: Егоров (Саранск), Зарипов (Санкт-Петербург), Кулалаев (Волгоград).

«Спартак-Налшык»: Коченков, Засеев, Багаев, Джукович, Овсеенкэ, Татарчук (Абаз, 74), Щоджэн, Коронов (Рухаиа, 66), Захирович, Гъуэщокъуэ (Шауей, 46), Дорожкин.

«Урал»: Котляров, Тумасян, Ревякин, Ойеволе (Асеведэ, 46), Каиалапов, Бочков, Семакин (Бырхьэм, 68), Новиков, Гогниев (Савин, 64), Кобялкэ, Герк (Лунгу, 46).

Топхэр дагъэкІыж: Щоджэным, 7 (1:0). Короновым, 25 (2:0). Гогниевым, 62 (2:1). Щоджэным, 80 - пенальтикІэ (3:1). Кобялкэ, 90-2 (3:2).

Дагъуэ хуащІащ Захировичрэ Бырхьэмымрэ.

Свердлов областым и «Урал»-р япэ дивизионым щыпэжь лъэщхэм ящыщ зыщ. Ар Налшык къэкІуат мыгъэрей зэхьэзэхэм зэрыщидзэрэ иджыри зэи ихьахамыгъэщІауэ. Ди щІалэхэр Ярославль щыІэу тхьэмахуэ и пэкІэ текІуэныгъэ кІыхьэрэхьам ирагъэшхуат икІи ар зэрымыщІэкІэ кІыхьэрымыхьэр псоми хьэжь щащІыну щІэхьуэпсыр.

Вэсэмахуэрей зэІуцІэр «Спартак-Налшыкым» и ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщхэмкІэ кІыщІидзащ. Дакъикьибл дэкІуэу арат абы екъулІэныгъэ кІащыхуихьам. Метр 30-м щІигъукІэ хьэщІэхэм я гъуэм пэжыжьэу судьям штрафной игъэлъэгъуащ. Зыми игугъашІэ кІыщІэкІынукым ар игъэззэщІну бгъэдыхьа Щоджэн Марат тегущыхуэу занщІу гъуэм еуэну. И кьару кІыщэрихькІэ ди щІалэм иутІыпщэ топым кІъэзыгъэтхьэзэфын гъуащхьэтет щыІэу кІыщІэкІынтэкъым. Ар гъуэм и щхьэ пІланэпэ дыдэм дыхьащ.

Ямэ зэрищам налшыкдэсхэр нэхьри тригъэгушхуащ. Абыхэм я еблъэрыкІуэныгъэр зы дакьикъи зэтеувыІэртэкъым. Апхуэдэхэм ящыщ зым Татарчук Владимир сэмэгурабгъэмкІэ кІуэцІрыкІри, топыр кьыхитащ. Ямэ абы нэса ди гъуащхьаеу Коронов Игорь щхьэкІэ бжыгъэр 2:0-м нигъэсащ.

Абдежым джэгум щебгъэух хьуну кьыщІэкІынт, «Спартак-Налшыкым» тепщэныгъэр быдэу зэриІэгъэмрэ бжыгъэмрэ ятепщыхьу. АрщхьэкІэ топджэгум хухаха зэманыр и кІэм нагъэсын хуейт. Абы кьыхэкІыу, дауи, зэІуцІэм пащащ. Ямэ Іыхьэр иухьыукІэ нэхъ гукъинэж хьуахэм ящыщ Щоджэн Марат аргуэру зэ Іэ5эу штрафной зэреуамрэ Гъуэщокъуэ Арсен и закъуэу гъуэм зэрыбгъэдыхьамрэ. Ди жагъуэ зэрыхьущІа, а тІури хьэщІэхэм я гъуащхьэтетым пэлъэщакъым.

Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькІэ налшыкдэсхэр кьыпхуэмыщІыхужьи хьуащ. Абыхэм я Іэпкьлъэпкьыр дунейр егъэлеяуэ зэрыхуабэм щІигъэІамі е текІуэныгъэр я Іэрылъхьэу кьалытами гъэгуфІащ ямэ дыдэу «Спартак-Налшыкым» и бампер гупым хэту джэгупІэ губгъуэм кьихьа щІалэщІэ дыдэ Щауей Алихьанрэ ягъуэта фбжкыр зэгъэхьэжа Абазэ Руслanрэ. ХьэщІэхэм кьахэжаныкІырт иджыблагъэ Налшык икІыу Екатеринбургрэ Іэпкьуэ Бырхьэм Къэнгуэ. Кьыщыхьуэ щыІэщ абы и закъуэ ди командэм и нькьуэм яІэщІэкІыу ди гъуэм кьыщыбгъэдыхьа, арщхьэкІэ топым зэреуэн кьэрэу кьыхуэнэжатэкьым, ешри укІуриящ.

80-нэ дакьикьэм псори нАІуэ зэпыщІ. ДжэгупІэ губгъуэм кьызэрихьэрэ куэд мыщІа Абазэ Руслан ижьыбрабгъэмкІэ «уафэхьуэпсІкІыу» кІуэцІрыкІащ, «Урал»-м и гъащхьэхьэгъуэхэр зыр адрейм кьыкІэпыкІыуэ кьыхэзринэжІырэ. Штрафноим ихьауэ гъуэм щеуэм, ар Бырхьэмым ириущащ. Пенальти. «Спартак-Налшыкым» кІуэ пэтми нэхъ лъэ быдэкІэ щыІуэ Щоджэн Марат мыбдежми и Іэзатэщ кьыщІэхьэпсІуэщ: топымрэ гъащхьэтетымрэ абы лъэныкьуэ зырызымкІэ зэблигъэтІылъыкІащ - 3:1.

АджкІэ псори гурыІуэгъуэт. КьыпфІэщІынут джэгуп апхуэдэу нухыну. ИкІи иухат, арщхьэкІэ судьям кьыщІитъуа дакьикьэплІым арэуэру гурыщхьэу дигъэщІащ. ХьэщІэхэм я иужьрей ебгъэрыкІуэныгъэхэм ящыщ зым ди гъуащхьэхьумэхэмрэ гъуащхьэтетымрэ зи чэзу щыуагъэр яІэщІэкІащ икІи кІэух бжыгъэр 3:2-м хуагъэкІуащ. Абы кьегъэльагъуэ «Спартак-Налшыкым» ди щІыпІэм кьыщалъхуа футболистыщІэхэр кьришалІэуэрэ командэфІ эррызригъэпэщым кьыдэжІуэу, хамэ эащІу эхэт гъащхьэхьумэхэмрэ гъуащхьэтетымрэ зыгуэр кьахуэгупсысын зэрыхуейри. Ауэ абыи зэман зэрыгъэкІуэдэнэр гурыІуэгъуэщ. ЗэкІэ дригушхэнщ налшыкдэсхэр Урысей Федерацэм футболымкІэ и ятепщэныгъэ кІэщІ. Абы кьыхэкІыу зы ижь-мащІэ. Ямэ Іыхьэр иухьыукІэ нэхъ гукъинэж хьуахэм ящыщ Щоджэн Марат аргуэру зэ Іэ5эу штрафной зэреуамрэ Гъуэщокъуэ Арсен и закъуэу гъуэм зэрыбгъэдыхьамрэ. Ди жагъуэ зэрыхьущІа, а тІури хьэщІэхэм я гъащхьэтетым пэлъэщакъым.

Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькІэ налшыкдэсхэр кьыпхуэмыщІыхужьи хьуащ. Абыхэм я Іэпкьлъэпкьыр дунейр егъэлеяуэ зэрыхуабэм щІигъэІамі е текІуэныгъэр я Іэрылъхьэу кьалытами хэт ищІэн, ауэ щыуагъэшхуэхэр яІэщІэкІ хьуащ. Псом хуэмыдэу уагъэпІейтейрт ди гъуащхьаеуэхэм я щытыкІэм - ахэр зэкІэлъхьэужьуэ «кІуэцІрыхурт». Апхуэдэхэм ящыщ зым хьэщІэхэм я гъуащхьаеуэ Гогниев Спартак «Урал»-м и дежкІэ бжыгъэр нэхъ езэгърабгъу ищІащ. Мыбдежым а Іуэхум «хэлъхьэныгъэшхуэ» хуищІащ ди гъуащхьэтетми - ар и чэзум гъуэм кьыдэжкІыу кьебгъэрыкІуэм зэран хуэхьуакьым.

2:1-р зыми ущыщыгъэгугъу бжыгъэщ. Сыт хуэдэ дакьикьэми абы зихьуэжьифынущ. Ар кьызыгурыІуэ зэпэщІэт командэхэм я тренерхэм футболистыщІэхэр кьрагъэхьащ, щытыкІэм зрагъэхьуэжьин мурадкІэ. ИкІи абыхэм я зэфІэкІ кьагъэнакьым. Псом хуэмыдэу дагъэгуфІащ ямэ дыдэу «Спартак-Налшыкым» и бампер гупым хэту джэгупІэ губгъуэм кьихьа щІалэщІэ дыдэ Щауей Алихьанрэ ягъуэта фбжкыр зэгъэхьэжа Абазэ Русланрэ. ХьэщІэхэм кьахэжаныкІырт иджыблагъэ Налшык икІыу Екатеринбургрэ Іэпкьуэ Бырхьэм Къэнгуэ. Кьыщыхьуэ щыІэщ абы и закъуэ ди командэм и нькьуэм яІэщІэкІыу ди гъуэм кьыщыбгъэдыхьа, арщхьэкІэ топым зэреуэн кьэрэу кьыхуэнэжатэкьым, ешри укІуриящ.

80-нэ дакьикьэм псори нАІуэ зэпыщІ. ДжэгупІэ губгъуэм кьызэрихьэрэ куэд мыщІа Абазэ Руслан иужьрабгъэмкІэ «уафэхьуэпсІкІыу» кІуэцІрыкІащ, «Урал»-м и гъащхьэхьэгъуэхэр зыр адрейм кьыкІэпыкІыуэ кьызэринэжІырэ. Штрафноим ихьауэ гъуэм щеуэм, ар Бырхьэмым ириущащ. Пенальти. «Спартак-Налшыкым» кІуэ пэтми нэхъ лъэ быдэкІэ щыуэ Щоджэн Марат мыбдежми и Іэзатэщ кьыщІэхьэпсІуэщ: топымрэ гъащхьэтетымрэ абы лъэныкьуэ зырызымкІэ зэблигъэтІылъыкІащ - 3:1.

АджкІэ псори гурыІуэгъуэт. КьыпфІэщІынут джэгуп апхуэдэу нухыну. ИкІи иухат, арщхьэкІэ судьям кьыщІитъуа дакьикьэплІым арэуэру гурыщхьэу дигъэщІащ. ХьэщІэхэм я иужьрей ебгъэрыкІуэныгъэхэм ящыщ зым ди гъуащхьэхьумэхэмрэ гъуащхьэтетымрэ зи чэзу щыуагъэр яІэщІэкІащ икІи кІэух бжыгъэр 3:2-м хуагъэкІуащ. Абы кьегъэльагъуэ «Спартак-Налшыкым» ди щІыпІэм кьыщалъхуа футболистыщІэхэр кьришалІэуэрэ командэфІ эррызригъэпэщым кьыдэжІуэу, хамэ эащІу эхэт гъащхьэхьумэхэмрэ гъуащхьэтетымрэ зыгуэр кьахуэгупсысын зэрыхуейри. Ауэ абыи зэман зэрыгъэкІуэдэнэр гурыІуэгъуэщ. ЗэкІэ дригушхэнщ налшыкдэсхэр Урысей Федерацэм футболымкІэ и ятепщэныгъэ кІэщІ. Абы кьыхэкІыу зы ижь-мащІэ. Ямэ Іыхьэр иухьыукІэ нэхъ гукъинэж хьуахэм ящыщ зым хьэщІэхэм я гъуащхьаеуэ Гогниев Спартак «Урал»-м и дежкІэ бжыгъэр нэхъ езэгърабгъу ищІащ. Мыбдежым а Іуэхум «хэлъхьэныгъэшхуэ» хуищІащ ди гъуащхьэтетми - ар и чэзум гъуэм кьыдэжкІыу кьебгъэрыкІуэм зэран хуэхьуакьым.

2:1-р зыми ущыщыгъэгугъу бжыгъэщ. Сыт хуэдэ дакьикьэми абы зихьуэжьифынущ. Ар кьызыгурыІуэ командэхэм я тренерхэм футболистыщІэхэр кьрагъэхьащ, щытыкІэм зрагъэхьуэжьин мурадкІэ. ИкІи абыхэм я зэфІэкІ кьагъэнакьым. Псом хуэмыдэу дагъэгуфІащ ямэ дыдэу «Спартак-Налшыкым» и бампер гупым хэту джэгупІэ губгъуэм кьихьа щІалэщІэ дыдэ Щауей Алихьанрэ ягъуэта фбжкыр зэгъэхьэжа Абазэ Русланрэ. ХьэщІэхэм кьахэжаныкІырт иджыблагъэ Налшык икІыу Екатеринбургрэ Іэпкьуэ Бырхьэм Къэнгуэ. Кьыщыхьуэ щыІэщ абы и закъуэ ди командэм и нькьуэм яІэщІэкІыу ди гъуэм кьыщыбгъэдыхьа, арщхьэкІэ топым зэреуэн кьэрэу кьыхуэнэжатэкьым, ешри укІуриящ.

80-нэ дакьикьэм псори нАІуэ зэпыщІ. ДжэгупІэ губгъуэм кьызэрихьэрэ куэд мыщІа Абазэ Руслан иужьрабгъэмкІэ «уафэхьуэпсІкІыу» кІуэцІрыкІащ, «Урал»-м и гъащхьэхьэгъуэхэр зыр адрейм кьыкІэпыкІыуэ кьызэринэжІырэ. Штрафноим ихьауэ гъуэм щеуэм, ар Бырхьэмым ириущащ. Пенальти. «Спартак-Налшыкым» кІуэ пэтми нэхъ лъэ быдэкІэ щыуэ Щоджэн Марат мыбдежми и Іэзатэщ кьыщІэхьэпсІуэщ: топымрэ гъащхьэтетымрэ абы лъэныкьуэ зырызымкІэ зэблигъэтІылъыкІащ - 3:1.

АджкІэ псори гурыІуэгъуэт. КьыпфІэщІынут джэгуп апхуэдэу нухыну. ИкІи иухат, арщхьэкІэ судьям кьыщІитъуа дакьикьэплІым арэуэру гурыщхьэу дигъэщІащ. ХьэщІэхэм я иужьрей ебгъэрыкІуэныгъэхэм ящыщ зым ди гъу